**«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»**



# ХӘР [illegible]
# ӨЗ ЗАМАНЫ БАР

*Ибрайым Юсупов*



# ҲӘР КИМНИҢ ӨЗ ЗАМАНЫ БАР

*ҚОСЫҚЛАР ҲӘМ ҚЫССА*

ЛИЧНАЯ
БИБЛИОТЕКА
Н. Ақсатбаева
№ 3574

НӨКИС
«ҚАРАҚАЛПАҚСТАН»
2004

Ю — 2(Кар-3п)
412-5

И ЮСУПОВ ҲӘР КИМНИҢ ӨЗ ЗАМАНЫ БАР
*(қосықлар ҳәм қысса)*
Нөкис «Қарақалпақстан» баспасы, 2004-жыл, 120 бет.

Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Халық шайыры Ибрайым Юсуповтың бул жаңа топламындағы қосықлардың көбиси ҳәм «Уатан топырағы» қыссасы Ғәрезсизлик руухынан нәҳәр алған шығармалар Олар жаңа заман өзгерислерин, дәуир машқалаларын ҳәм жаңа ой-сезимлерди жырлайды

Ю 4306000022 — 346 / М — 357(04) — 2004 Буйрық — 2004

ISBN 5- 83 - 45 - 11 - 9

© «Қарақалпақстан» баспасы, 2004

## ЕКИ СӨЗ

«Әссалам!» демеклик әўел басында,
Пайғамбар сүннети—инсанға ҳүрмет
Дослар, жаңа әсир босағасында
Диидар көрисиўдиң өзи ғәниймет

Дүнья—бузық уясындай ҳәррениң,
Көргиң келмегенди базда көрер көз
Тилинде, қәлбинде ҳәзир ҳәммениң
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз

Көп халықлар арасат азабын шегер
Президенттен тартып, дийқанға қәдер,
Уйқысын урлаўшы не десең егер,
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз

Алыс Косово ма, Кавказ таудан ба,
Мазлум фаластин бе яки аўған ба,
Үмит жулдызына телмирискен көз
Көп жерде айланған питпес әрманға,
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз.

Мустакиллик—ғәрезсизлик дәўраны,
Алла несип қылды бизлерге аны
«От ишинде сақлағандай пахтаны»,
Тилимизде, ойымызда мудамы.
Тынышлық, татыулық деген еки сөз

Жақсы үмит пенен жасайды адам,
Ертен толып ағар суўлар дәрьядан.
Бир күн ақ нан жермиз, бир күн қара нан,
Жақсылық бинятын көре бергей көз.
Мийнеткеш халық тилегидур сораған:
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз.

Ҳадал мийнет пенен гүллентип елин,
Өзбек өзи билер жасаўдың жолын.
Елге хәм дүньяға тилеги оның:
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз.

Ҳақ жол мустақиллик кәрўанымызға!
Даналық тилеймиз Журтбасымызға.
Мәңги несип етсин дәўранымызға,
Тынышлық, татыўлық деген еки сөз!

*Декабрь 2000-жыл*

## ТӨРТЛИКЛЕР

Ақылгөйлик қылма хеш бир адамға,
Ис жүзинде өрнек көрсет оданда.
«Ақылыңды басыңа жақ» деген ғой,
Ата-баба баяғы бир заманда.

***

Түссеңдағы хәзир қайсы гүзарға,
Барлық жоллар апарады базарға.
Сөзиң қарыйдарсыз қалмасын, шайыр,
Бул жағын да есиңде тут жазарда.

***

Дүзиў жүр, адамлар сеннен қашпасын,
Көзге түссең, мурты жыбырласпасын.
«Пенсияға кашан кетер екен» деп,
Бирге ислеўшилер сыбырласпасын...



***

Нәбада кимгедур жақсылық етсең,
Зыяны жоқ оны умытып кетсең.
Ким саған жақсылық қылса бирақ та,
Оны есте сақла сен хәмме ўақта

***

Афандиниң өлген екен ешеги,
Басын жолға қыстырыпты деседи.
«Бунең?» десе, айтты: «Көрип ешеклер,
Ешеклигин қойып, жөнге түседи...»

***

Өз үйиңде қонағыңның көзинше,
Пышығыңа «пыш» деп жүрме өзиңше.
Хан қызындай кеўли нәзик қонақтың,
Сәл нәрседен сетем алар сезинсе.

***

Адамлар бар: өзимшиллик бийлейди,,
«Өзим» десе, басқаларға иймейди.
Садаған кетейин Саадий айтқан ғой:
«Өзин сүйген өзгелерди сүймейди».

***

Туўып өскен елин сүйе алмады ол,
Оны жек көриўден уялмады ол.
Көшип барған ели буны жатырқап,
Ҳеш жерди «Ўатаным» дей алмады ол.

***

Улт айырғыш болсаң, улус жақтырмас,
Ис түскенде хызметиңе тақ турмас.
Ақ кеўлиңнен араласып жасасаң,
Алаламас, қанатлыға қақтырмас.

***

«Наўайы, Бердақ мудам халықтың аўзында...»
Деп налыды шайыр. Жубатып сонда,
«Тамыр-таныслық ғой—деди бир жорам,—
Оларда таныс көп ҳәмме заманда...»

***

«Ақылды ақмақтан үйрен» дегенге,
Биреўин ушыраттым, ийни келгенде.
Ол айтты: «Шайырлық деген өзи не?
Жумыс-пумыс таппадың ба өзине?!...»

## ДОЛЛАР

Океанның аржағынан, алыстан,
Шақырыўсыз келген кәўипли миймандай,
Есик атлап, төрди бийлеп алысқан,
Не ислесе, бәри нырққа сыйғандай.

Банклерди өз маклериндей сораўсыз
Хызметине жегип гүллән гүзарда,
Пул әўладын урып-жығып аяўсыз,
Өз ҳүкимин жүргизер ол базарда.

Бул «көк қағаз» шытырласа қай жерде,
Журт қулағы ербең етип, аланлар.
Терең суўда «алтын балық» бар жерге
Аў салғандай үймелесер адамлар.

Хәрре жыйған палға шыбынлар қонып,
Әўмети жүргеннин дәўлети гасар.
Кимлер баиып, кимлер банкрот болып,
Дүнья ҳәзир бизнес ышқында жасар.

Сатып алар ол ҳүждан, намысты-арды,
Ол байытар ҳәм де дийўана қылар.



Аш көз дүньядағы көп урысларды
«Доллар саўашы» деп атаса болар.

Асқынлаған наркобизнес иллети
Дүньяға билектен укол берди де,
Бен Ладенлер қылған сум ҳәрекети
Ҳаўлықтырып атыр күшлилерди де...

Мәмлекеттиң миллионларын қапсырып,
Бираз елдиң лаўазымлы «мәртлери»,
Қулқынына коррупция тәпси урып,
Таўап етер Женеваның банклерин.

Доллар тәбиятын қарасаң серлеп,
Оның сырлы составында бәри бар:
Қан ҳәм тер, қайғы-зар, қуўаныш, ермек,
Өлтирер уў ҳәм тирилтер дәри бар.

Ол бар жерде барлық илаж көрилер,
Питпейтуғын ислер питер ерлесе.
Парахор да назырқанып керилер,
Пуллай емес, «көк қағаз»дан бермесе...

Адамларды бир-бирине атқызып,
Бул «көк қағаз» жүргизер өз ҳәмирин.
Операция столына жатқызып,
Адам саўдаласар адам өмирин...

Доллар ушын болар көп жинаятлар,
Нәпси қарар таппас оған сыйынбай.
Ийман, инсап деген муқаддес затлар
Ол ушын өтимсиз қалған буйымдай.

Қандай мақсет тутсаң —бәрибир оған,
Пысқырып қарамас руўхиятқа.
Дүнья қуўып, оған табынса адам,
Жуўмағында жолығар бир апатқа,

Сол ушын сен оған абайлап жантас,
«Апам кетти, мен калдым» деп жууырма.
Мийнет етип тапсаң, ол ҳарам болмас,
Байыў жолын алдаў, кылмыска курма.

Исбилермен деген сырлы илимди
Иске салып, көзин тапсаң булактың,
Узын кылар колың менен тилинди,
Енбегинди емип. хош болар ўактын.

Қалма бирак өзиң оған кул болып,
Айта алмайман гәптин буннан зыятын.
Ийман, инсабына жол-жорык кылып,
Ала көрме оның мағнәуиятын...

*6-март 2002-жыл*

## «ЕРКИН БАЗАР»

Ергенекли бул дүньяның
Ҳәзир еркин базары көп.
Жер жәҳәннен дүнья малдың
Келип турған гүзары көп.

Ҳәр ким оган барын салған,
Ҳәтте намыс-арын салған.
Биреў сәтли саўда кылган,
Биреўлерге ҳазары көп.

Ҳасыл гәўхар. зери де бар,
Аптекте жок дәри де бар,
Пулың болса бәри де бар.
Пулсыз көзиң кызары көп.

Импорт этикети керек,
Кимге кустың сүти керек.
Кенгурийдиң ети керек,
Ҳәўес етсең мазалы деп.



Арак-шараплар базары,
Курал-жараклар базары.
Тест ҳәм сынаклар базары,
Компьютерди бузары көп...

Қымбат кағазлар базары,
Сәўбет ҳәм сазлар базары,
Жилўа ҳәм назлар базары,
Арка-мойын жазары көп...

Алып-сатарға мал керек,
Биреўлерге ҳамал керек.
Керекке жығылар терек,
Аллергиян козары көп.

Бул базардан инсап күтпе,
Бағынбас ол ҳүкиметке.
Арзанлар деп дәме етпе,
Жүрегиңнин сазары көп.

Қиянет көп, мириўбет аз,
Болды десең ҳәммеси саз,
Доллар деген бир «көк кагаз»
Бәрин пыт-шыт бузары көп...

Көлденең әўмет базары,
Кәҳәтли ҳүжжет базары,
Жумыс ҳәм мийнет базары,
Табаныңнын тозары көп.

Ҳәр ким пайдасын гөзлеген,
Ырас-жалғаннан сөзлеген.
Бирак бунда мен излеген,
Муҳаббаттың базары жок.

Сондай базар болғанында,
Сен базарлап барғанында,
Шасәнемдей баяғыда —
«Мен Ғәрипти сатып ал» деп,
Жығыларем аяғына

*2000 жыл*





## ӘМИЎДӘРЬЯ

Тәңирим нәўпир суулы дәрья жаратты
Әмиу болып әлемге даңқ таратты
Асқар таўдан абиҳаят суу алып,
Абат етип келдиң сонша елатты

Эллинлер «Окс» деп Огуз дәрьяны,
«Жәйҳун» деп араблар мақтады аны
Бир мәнзилде турақламас пеилинди,
Яд билер тарийхтың түрли заманы

Искендер, Шыңғыслар суугарып атын,
Әмир Темур қурып зор салтанатын
Бухара, Самарқанд, Үргениш, Хииуа,
Боиында тиклеген даңқ имаратын

Сууыңнан мириубет бағы мийуалар,
Еллер ырысы болып егин ырғалар
Киндик қаны тамған бул жагысларға
Хорезмий, Берунии, Әбиу Синалар

Уллы тарийхлардың гүўасы болды,
Тиришиликтиң дәртке даўасы болды
Сыр ҳәм Әмиу—суу тулпардың дизгини,
Алтын оипат—Туран арасы болды

Жәйҳун айбатынан айбынар едик,
Дегиш алмағай деп қаигырар едик
Балық ойнап, ғаз ғаңқылдап көллерде,
«Теңизи бар ел» деп айтылар едик

Еки дәрья еңбегинен жаралған,
Ҳәмме ләззет алар еди Аралдан.
Ырыс казаннын бир кулағын ийелеп,
Қарақалпақ едик бунда куралған.

Ким билмейди, жер менен суў туўысқан,
Екеўи табысса, әлем гүлистан.
Ендиликте адам менен тәбият
Аразласып, аралары суўысқан.

«Тәбият анамыз, оны сыйлаймыз»
Деп тил ушы қышқырыўды коймаймыз.
Ис жүзинде көмешлерге күл тартып,
Алдымыздан аққан суўды корлаймыз.

Ашкөз аншы дүзде олжа көргендей,
Жини сүймеслерге әжийне болдың.
Себил калған Дарапшаның мүлкиндей,
Әмиў, ийеси көп ғәзийне болдың.

Қолы жеткен алар сеннен керегин,
Жетпегенлер көклей үзер қамегин,
«Арал бизге қатнасы жоқ» дегенлер,
Анлап атыр дузлы шаңғыт дәрегин.

Биреўлердиң қумы менен шөллери,
Дәрьяны симирер көп ўақтан бери.
Суўсызлық азабын шеккен ким десең,
Қарақалпақ ҳәм Хорезм еллери.

Суў тулпардың шөлден шаршағанындай,
Қызып турған тойдын тарқағанындай,
Қулазыған қуў жағанда турыппан,
Илхамымды биреў урлағанындай.

Баг-бақшалар сырғып ырғалған жерлер,
«Ақ алтын», «сары алтын» нурлаған жерлер,
Бүгин көрсең, қырда қалған балықтай,
Қарабарақ шығып, сорлаған жерлер.

Көллер бахатоскын шуқырда қалған,
Балық ойнап, базар болғаны жалған.



Суўсыз жаптың бойындағы таллар да,
Тербелип кеўилсиз ойларға талған.

Суўдың машқаласы—өмир гүреси,
Тарийхта көп калған оның елеси.
Ҳәзирги суўсызлық қудайдан емес,
Адамлардың өзи тапқан бәлеси.

Бүгин әўмет жүрсе, биз соған шадбыз,
Жақсы-жаман болсын, тарийхта ядбыз.
Аңғарынан адастырып дәрьяны,
Теңизди қурытқан даңқлы әўладпыз.

Адамлардың пейлин сумлық жайлады,
Адым жерден әсбек қылып баилады.
Ҳәр ким аўылынан айдын көл ислеп,
Дәрьяларды бурып, қумға айдады.

Мейли, қыйыншылық ҳәзир қайда жоқ?
Руўхыңды түсиргеннен пайда жоқ.
Дана ҳәм сабырлы халық деген киси,
Мыш-мыш сөзге аўаланыў ойда жоқ.

Қыйынлықты жеңип үйренген елмиз,
Ҳийле, нахақлықтан жийренген елмиз.
Дурыслық қандегинен ылайымыз бизиң,
Ҳадал мийнет пенен ийленген елмиз.

Суўсызлықтан жәбир көрсек биз егер,
Көп еллер суў тасқын азабын шегер.
Тәбият парқламас инсан мүтәжин,
Бир жерге тамбаса, бир жерге төгер.

Жер-суў қәдирине халықлар қанықдур,
Бул исте өзбеклер катты алықдур.
Өзбек айланысса, шөлге гүл питер,
Дийқан баба нәпес еткен халық бул.

Өзбекстан—түскен ол ҳақ нәзери,
Қарақалпақтың да ол туўған өз ели.
Журтбасымыз Президент айтқандай,
Тәғдири бир халықлармыз әзели.

Күн қызып, ерисе таўдың музлары,
Инсап пенен ишсе еллердиң бәри,
«Аққан дәрья ақпай қалмас» деген бар.
Келер гүўлеп тезден үмит суўлары.

*Май, 2001-жыл*

## КЕГЕЙЛИ БОЙЫНДА

Куўрақ шақасына қонып ақ талдың,
Бунша шықылықлайсаң, ҳәккебай жора!
Қәпелимде бизди жатырқап қалдың,
«Әлле ким келди» деп, шырлап бийшара!

Ҳаслында мен саған «әлле ким» емес,
Мендағы өзиңдей усы жерликпен.
Бул жағыслар бизди жатырқай билмес,
Қайылман сендеги пидакерликтен.

Бул жер мениң ушын жәннет мүйеши,
Көз ашып дүньяны көрдим усында.
Бунда торғайлардың сайраған сеси,
Жоқ па деймен басқа жердиң қусында.

Бурын жылда пахта, салы егилип,
Ақ бийдай ырғалған кең тахталықлар,
Бағлар миййаламай, гүли төгилип,
Ҳәзир суў сорайды атыз-арықлар.

Бизлер ес билгели еситпегенбиз,
Мынаў Кегейлиде суў тартылғанын.
Кеше көз алдында қурыды теңиз,
Бүгин талан-тараж суўы дәрьяның.

Заманның, адамның тарылып пейили,
Мириубет дәрьясы әсбек болмақта.
Тилеймиз жақсылық болғай деп кейни,
Дүнья арасатлы иске толмақта.

Айта берсем, дәрт көп, ҳәккебай достым,
Балалық дәўиримди еске саласаң.



Ыссы жаққа кетти көбиси қустың,
Ал сен бәрҳә бизиң менен боласаң.

Пышық көрсең, шықылықлап жүргениң,
Қайсы үйдиң ийти,—бәрин билесең.
Кимниң таўығына сағал келгенин
Айтып, дәрҳал сен ахбарат бересең.

Сен отырған терек айналасында
Палыз болды, тил үйирген гүрбеги.
Баяғыда сол палыздың қасында
Бир бала даўыслап «аға, жүр!» деди.

«Апам қостан қаўын жесин деп атыр»...
(Нелерди еслемес адамның ойы!)
Ал, аман бол онда, ҳәккебай батыр!
Жақсы жерғой бизиң Кегейли бойы.

Қайсы бир қус излеп келденең бахтын,
Кетсе кете берсин қызыл қыяға.
Аш-тоғына көнип сен усы жақтың,
«Кесте тигип» отыра бер уяда...

Дәрья ақпай қалмас аққан жеринен,
Суў келер, қайтадан гүлленер бул жер.
Аўылымызға ҳәр келгенде, мени сен
Шықылықлап жүрип күтип ала бер.

*Сентябрь, 2001-жыл, Шымбай*





## ИСБИЛЕРМЕНЛЕРГЕ

Бир исбилермен мың биидәўлеттен жақсы

***Амир Темур***

*Адамлардың машқалалары ҳәм мәплери менен жасаў,*
*елимиздиң экономикалық потенциалын көтериў ҳаққында*
*Журтбасымыздың баянатларынан*
*тәсирленип жазылған қосық*

Жаратқанның қайырқомлық қорында,
Не жоқ бендесине беремен десе.
Берген менен сорауы бар соңында,
Инанба жоқтан бар дөреген десе.

Жаслық гайрат берди, ақыл ҳәм зейин,
Дарқан билим алып, илиндиң хатқа.
Не жетпейди енди булардан кейин,
Заманы шақырган жас азаматқа?

Ийнесин излеген қыздай гүйбенлеп,
Аяқ астынызға үңиле бермей,
Ҳэи, жаңа адамлар, келиң дә жөнлеп,
«Не көрдиң Қара ат» деп шегине бермей...

Қара терге түскен қара мийнеттиң
Ескирген заманы өтип бармақта.
Исбилермен болып, гилтин дәўлеттиң
Тапқан еллер алға кетип бармақта.



Илимнен нур берип истиң көзине,
Машақаттан қашпай, берилсең оған,
Байлық өз ийтиңдей ерер изиңе,
Дүнья қуўып жүриў шәрт емес саған.

Ел ырысын арттыр, өзиң де байы,
Гедейлик ҳеш кимди мандытқан емес.
Қол ҳәм мийиң исте болсын удайы,
Нийетиң хақ болсын, асқынлама ҳеш.

Америкалы Билли Гейтс дегенди
Дүньядағы ең бир бай киси десер.
Ол отырмас «мен байыдым» деп енди,
Компьютерде күнде он саат ислер.

Көрип жүрипсизлер көп жерге барып,
Илим,техниканы ислетип олар,
Таслақ жерди тамшы менен суўғарып,
Жетпис центнерден «ақ алтын» алар

Олар көрсе күлер бизиң жақларды,
Ал биз «билгир дийқанбыз» деп ойлаймыз.
Ата-баба қазып кеткен жапларды
Тазаламай, қысы менен тойлаймыз.

Техниканың ийеси жоқ, майы жоқ,
Жайрап жатар «жесир қатын мүлкиндей».
Егистиң ўагында «әтшөк гайы» көп,
Банк ҳәм ширкет—аразласқан төркиндей.

Бизиң фабрикалар шығарған затты,
Шет ел түўе, өзимиз де алмаймыз.
Базар талаплары болса да қатты,
Бас қатырып, оған ҳәмел қылмаймыз.

ЛИЧНАЯ БИБЛИОТЕКА
Н. Ансатбаева
№ 3574

Ески чиновниклик минберге шығып,
Журтқа ақылгөйлик қылғымыз келер.
Қыста қолымызды қалтаға суғып,
Көбимиз ҳәмелдар болғымыз келер.

Өмирге жаңаша көзқарас пенен
Қарап, ислейди деп журт исенгенлер,—
Бизнестиң илимий сырларын билген,
Сиз,—жаңа адамлар,—исбилерменлер!

Шешиң ийниңизден узын шапанды,
Қойың тил қышытқыш «даналықларды».
Шақыр Инвестиция деген апаңды,
Енгиз өндириске жаңалықларды.

Ол «апаң» есаптан ҳәм пайдакүнем,
Мейли, сен де оннан пайдалан сондай.
Шақыр кеўлин таўып исеним менен,
Қусты далбай былган шақырғанындай...

Қурып қалған теңиз қайырындағы
«Қуты қашқан ел» деп қарасар бизге.
Олар билмес адамларды бундағы,
Байлықты, кеңликти түспеген көзге.

Байлық, арқайынлық, кеңлик, мириўбет
Жерден адамлардың кеўлине көшкен.
Бул жер асты-үсти турысы дәўлет,
Мәзи үйренгенбиз ойлаўға әстен.

Тарийхта үш ирет қурыған Арал,
Биз дус келсек керек төртиншисине.
Тәбият анамыз қырсыққан болар,
Аш көз адамзаттың қылған исине.

Ҳәр жердиң тәбийзи өзинше ҳесап,
«Жеримиз қыйын» деп налыймыз бизде.



Ийт байласа турмас жерлерде жасап,
Гүллентип атырған адамлар аз ба?

Тилин тапсаң, жер де қушағын ашар,
Бул жер насаз емес, өзимиз насаз.
Заман бийиигине талпыныс нашар,
Халқымыз мийнеткеш, исбилермен аз.

Бул жер Дийқан баба нәзери түскен,
Еткен еңбегиңниң қуны ҳасыл ды.
Бейиш жемисиндей қаўынлар пискен,
Жырып жиберердей ананасынды.

Бунда қойлар туўар зер қырпық, сурды,
Қара таў мәрмери мерўерттей жанар.
Ҳәтте жабайы шөп—боян тамырды
Дүнья валютаға—алтынға алар.

Бул жердин нефть, газ булақларына
Заман қол урғанда, достым, еле сен,
Барса-келмес—қараўимбеттиң дузына
Сода завод ислегенде көресең...

Азғана жыл суўдың тамтарыслығы,
Руўхымыз түсирип, болдық бийқарар.
Тәбияттың апатшылық, қырсығы
Ҳәзир планетаның көп жеринде бар.

Инсанийт бундай қыйынлықларды
Жеңип, жасаў жолын үйренип атыр.
Батыс бетте ашқан жаңалықларды,
Шығыста қолланып, ийгерип атыр.

Бул сөзлер сиз ушын жаңалық емес.
Шайыр айтар, нени сезсе жүреги.
Ақыл үйретиў ҳәм даналық емес,
Бул—заман талабы, халықтын тилеги.

Өндирисши, алым, инженер, фермер,
Қайсы кәсиптенсең деп сорамайық.
Илхамланып ис басына келиңлер,
Биз, шайырлар, сизди дәстан қылайық.

Жаслар өсип шықсын туўған елинен,
Жаңа булақ көзин ашыңлар сенлер.
Абат турмыс ушын ис минберинен
Биринши сөз сизге, исбилерменлер!

*2002-жыл*

## КӨРИНЕР БОЛЫҢ

Ис билгенге заман келди, жигитлер,
Етек-жеңди дурыслап түринер болың.
Сүрер болсаң, дәўран келди, жигитлер,
Ел көзине түсип, көринер болың.

Жаслық қуўат берди, шағлап өтсин деп,
Ойга алған мақсетине жетсин деп.
Қарыўланып халыққа хызмет етсин деп,
Елден алгыс алып, сүйинер болың.

Истиң көзин билип ким етсе талап,
Дәўран атын минер жалларын тарап.
Жаслық ғайрат деген жемисли дарақ.
Мийўалаган сайын ийилер болың.

Ашық Аяз нәсияты сол болар:
Бийдәўлетлик жигит өмирин қор қылар.
Исбилермен болсаң, бахтың зор болар,
Қулдай ислеп, бегдей кийинер болың.

## АЎЫЛДАҒЫ КЕШ

Қысқы кеште түпкирдеги жабанның
Көриниси кеўлин тербер адамның.

Күтилмеген қонақ болдым үйине
Жаслық ўақта бирге оқыған жорамның.

Жадырасып жақсы күтип алысты,
Апақ-шапақ қуўанысып қалыстық,
Газ плита гүрлеп жанып, шай қайнап,
Жыллы жерге қалың төсек салысты.

Ақлықлары сәлемлести биримлеп,
«Телевизор тамға бәриң кириң!» деп,
Қонақ жайдан қуўып шығып оларды,
Дастурхан дүзетти қурдас күлимлеп.

Жорам улын ертип кирди қораға,
Бирақ та қой сойдырмадым жорама.
Таўық сорпа, аз-кем арақ суўықта,
Пай, кетеди-аў гүрриң қызған арада!

Бир-биреўден хал-аҳўал сорасып,
Ғаўқылдастық хәзилимиз жарасып.
Гәп қашырдық еслеп өткен-кеткенди,
Сағынысқан кеўиллерге минәсип.

Бирге оқыған баллар менен қызлардан,
Санап шықтық ким бар-ким жоқ олардан.
Аңламаппыз пәтли агысын өмирдиң,
Жорамның да сақал-шашы агарган.

Айттым оған—Сен фермерсең белгили,
Табыскерсең қатарыңнан үлгили.
Суўсызлықтан қысым көрип атырсаң,
Басқа түсип тәбияттың сүргини.—

Дегенимде үнсиз қалды бир майдан.
Сызлаўығын тырнап алған қусайман.
Суў дәрти—ел дәрти қарақалпақта,
Жазда—қурғақшылық, гүзде—пушайман.

—Суўсызлық дәртиниң несин айтасаң,
Атыз беттен қолың суўып қайтасаң.

Еки жылдан берли егинде сән жоқ,
Телпегиң түседи басты шайқасаң.

Фермерлик жақсы ғой билген дийқанға,
Уграс кешер мына еркин заманга
Тил табысып меншик пенен ел мәпи,
Мийнетиңниң палын татсаң жаман ба?

Елмиз ғой аўылға аўызын ашқан,
Жерге ырыс-несибе урығын шашқан,
Суўдың қытлығынан бәри қымбатлап,
Базардан да ҳәзир берекет қашқан.

Өрдегилер дәрьяларды сатажақ,
Сөйтип, тегин мол пайдаға батажақ.
Қулыплап алып ғәзийнесин қудаидың,
Ышқырына гилтин байлап жатажақ.

Тәбият қырсығы ҳәзир қайда жоқ,
Аңсат турмыс, билсем, ҳеш бир жайда жоқ.
Кел, бир алып жиберейик, жоражан,
Батпан уўайымнан мысқал пайда жоқ.—

Деп муртынан күлди қонаққа қарап.
Бундаида пайдалы бир тостлық шарап.
Қурдас келди қыз туўғандай қуўанып,
Аўқатынын хош ийиси бурқырап.

—Ҳәзир нелер болмай атыр дүньяда.
Бир жақларда суўы сыймай дәрьяга,
Апатшылық көрип атыр тасқыннан,
Бул күнге де шүкир етейик аллага.

Көптен суўсызлықты көрмеген елмиз,
Суўды қәдирлеўди билмеген елмиз.
«Айланба шел» шаўып егис жерлерге,
Тапқа келтире алмай терлеген елмиз.

Синоптиклер айтып атыр хабарда:
Быйыл дым көп қар жаўыпты таўларға,



Хорезм ҳәм қарақалпаққа суў келер,
Ғаркәллезий болса Әмиў суўларға.

Ҳәр нәрсе қәдирли болар азында,
Кел, алсақ алайық кеўил сазында
Жап-салмаңа суўды сыйдыра алмай,
Албырап жүргейсең бәҳәр-жазында...

*Февраль, 2002-жыл*

## САҲРА ГҮЛИ

Нөкисим, сен—Әмиў бойында
Алтын жағыс—саҳра гүлисең
Ата журтым Түркстанымда
Даңқлы шәҳәрлердиң бирисең.

Сенде көрки бәҳәр паслынын,
Ҳәмме ҳәўес етип қарасар.
Таң нурындай сулыў жаслығың
Айдын келешекке уласар

Жулдызлары ашық аспанның
Қызкеткенге шомылар ақшам.
Бахытлы халық, азат инсанның
Мақтанышы, мәрмер булақсаң.

Даңқлы Ташкент—шығыс шолпаны,
Устаз ҳәм де мәдеткар ағаң.
Ғәрезсизлик, жаслық дәўраны
Ўа Нөкисим, жарасар саған!

*2002-жыл*



## ҲӘР КИМНИҢ ӨЗ ЗАМАНЫ БАР

Гүлшанларда гүл ашылмас,
Гүл мәусими келмегенше
Ауыл-еллер абат болмас,
Диикан жылын бермегенше

Хәр мәўсимниң бар өз гүли,
Хәр гүлдиң өз жамалы бар
Хәр пасылдың өз мезгили,
Ҳәр кимниң өз заманы бар

Биреў даңклы исбилермен,
Биреу спорт чемпионы
Биреўге хош ҳауаз берген,
Жаслар жақсы көрер оны

Компьютер заманының
Исинде не шек болады? !
Илим, талант, техниканың
Кәраматы көп болады

Шеттенбисең, орайдан ба?
Ол айырмас сиясатлап
Чикаго ма, Шымбайдан ба,
Ким болсаң да кетпес атлап



Евразия физиклерин
Жарысқанда хайран қылған·
Үш алтын медальдың бәрин
Утып, утып, утып алган,—

АҚШ я Қытайдан емес,
Нөкистиң бир жас баласы*
Сондай баллар әжеп емес,
Болса илим дүрданасы

Бәлким олар Сарез көлин
Тутастырып Арал менен,
Қандырар теңиздиң шөлин,
Сөз бар «зәрре багыш» деген

Хожелиниң қарапайым
Қызы Орал—доктор, алым,
Ким ойлаған, айнанаиын,
Болар деп дүньяға мәлим

Өз заманы келсе керек,
Даңқы жер жаҳанға кетти
Пүткил Азияга дәрек
Сыйлық оған несип етти **

Айтсам Қутыбаевтагы***
Геркулестей**** қүдиретти
Өзбекстанның баирагын
Төрт мәртебе желбиретти

Ақыл, инта, талант, мийнет
Ҳәм ҳәр кимнин заманы бар.
Усы жерде сәл сабыр ет
Гәптиң басқа тамаңы бар

Бирazлар даңқ, атақ қууып,
Ижад жолын таслап кетер
Қайнаўытлы ағыс суўып,
Булаклардың көзи питер

Қәлемкешлер болды сондай,
Даңқ, атаққа бәрин сатқан.
Китаплары бири қалмай,
Мақтаўлы сын алып атқан.

Даңқлы болды олар соннан,
Ийттүйнеклер урқан жайды.
Енди көрсең, умытылған,
Жазғанын журт оқымайды...

Өз заманың—ол да дәўран,
Өмириңде бир келеди.
Даңқ, мақтаўға болсаң алаң,
Булақ суўы иркиледи.

Қандай атақ алғанлығын
Берунийдиң, Бердақлардың
Хеш ким сорамайды бүгин.
Мийнетин халық ардақлар дым.

Талант аты жақсы шапса,
Даңқ, мәртебе ерип жүрер.
Қызы жақсы күйеў тапса,
Қуҭағайдың өзи келер...

*Февраль, 2002-жыл*

---

**Түсиндирмелер:**

* «Нөкистиң бир жас баласы» дегенде, Евразия физиклери таңлаўында қатарынан үш алтын медаль алған нөкисли оқыўшы Әлийшер Сәнетуллаев нәзерде тутылады.

** Хәр континентке тийисли жер жүзилик Гольдман сыйлығын алған медицина илимлеринин докторы, «Перзент» корының баслығы Орал Атаниязова.

*** Тайбокстен төрт мәрте жәхән чемпионы болған Еркин Қутыбаев.

**** *Геркулес*—грек мифологиясындағы оғыры қарыўлы бахадыр.



## ШАЙЫР

*Абдулла Ариповқа*

Кеше еки жигит Шымбай жолында
Автобуста бақырысып сөйлести.
«Радиодан айтты: Ташкенттен бунда
Абдулла Арипов келипти» дести.

—Өйдеген ким?—деп бир ғарры сорады.
—Өзбектиң хәзирги үлкен шайыры.
Ол қаршылы қарақалпақ болады.
Хаслы маңғыт, Нөкис дейди аўылы.
—Бизге ағайин ғой, хаў бала, онда,-
Деп бир қара сақал қомпаңлап қойды.

Бир кәйўаны жеңгей сөз қосты сонда:
—Мениң бир муғаллим улым бар үйде.
Телевизордан көрген сайын ол шайыр
Сол балама усап кетеди гейде...

—Тарийхты билмеген сада адамлар,-
Деди бир шляпа кийген қылый көз,
—«Маңғыт», «Нөкис» деген өзбекте де бар,
Шыңғысхан дәўиринен киятырған сөз...

Таңланбадым мен олардың сөзине,
Талай еситкенмен бул сөзди бурын.
Ысық көринесең журттың көзине,
Сүйикли шайырымыз Абдулла иним.

Бул жердеги халықта әдет бар қызық:
Жақсы адам келсе, питип мурады,
Ақ кеўлинен қара қалпақ кийгизип,
Дәрхал өз қәўимине қосып алады.

Әзиз Журтбасымыз, тартынбастан хеш,
Айтты халықтың бул әдетин хүрметлеп:

«Мен тек ғана өзбек халқының емес,
Қарақалпақтың да перзентимен» деп.

Соңдан, сен де, мустақиллық жыршысы,
Хәзирет Наўайының даңқлы урпағы,
Бердақ әўладлары хүрметлеп сени,
Сүйер жаңа заман қарақалпағы.

Хошамет қосығынан тойған халайық,
Сүйип оқыр ойшыл қосықларыңды.
Бийик хүрмет—мәртлигиңе ылайық,
Пәк туттың шайырлық намыс-арыңды.

«Қызыл идеология» қаразларына
Суў қуйып, жел берип, жағынса кимлер,
Зер муқаба қаплап китапларына,
Берди оларға даңқ хәм бийик минбер.

Жалғаншылық үстем еди шынында,
Жүзегөйлер жүрди салтанат қурып.
Ал сен шынлық сөзди хәр жазғаныңда,
Сени шарға қылды төбеңнен урып...

Заман оң айланды, қудайға шүкир,
Жалған уйқасықлар уйқаспай қалды,
Ҳақыйқатлық ушын басланды дәўир,
Халық өз тәғдирин қолына алды...

Халыққа сөз унатып, ышқында жанып,
Оны руўхландырған шайыр бахтияр.
Жырла шайыр, заманыңда йошланып,
Сөзиң ел кеўлинде тапсын итибар.

Бахытлыман, илесип мен де көп пенен,
Жаңа заманнан йош алғаным ушын.
Сынақлы сапарда Арипов пенен
Заманлас, ўатанлас болғаным ушын.

*Июнь, 2001-жыл*



## СОПРАНО *

*Саадат Қабуловаға*

Сахна төриндеги таўдан қулаған
Гүмис булақ сести ағын суўда бар.
Жаралы ақ қуўдай сыңсып жылаған
Хаял даўысы мени тынбай қуўдалар.

Гә самалдай шалқыр, гә гүңиренер,
Зер шымылдықларға урынар барып.
Бейиш хаўазындай қәлбиме енер,
Жанымды дуўалап, хуўшымды алып.

Жоқ, бул хауаз емес, бул—сырлы әрман,
Хаўаз соншама да дәртли болар ма?.
Залым айралықтың отына жанған
Ғамлы кеўил буған шыдай алар ма?

Сопрано, Сопрано! Әзийз мийманым!
Бар ма өзи сениң ийманың?
Мен не жаздым саған? Айтшы! Олсыз да
Қыйнаўлы жанымды бунша қыйнадың.

Маэстроның** сырлы шыбығы ушында
Жаным сен шақырған кеңликке ушар.
Оқ жеген анасын көрип түсинде,
Маңыраған қуралай—еликке усар.

Хәзир мениң тынысымның тар ўағы,
Сен рәхим етпедиң көзде жасыма.
Ақ липаслы арыў хаял әрўағы
Мени шақырады булақ басына...

Көз алдыма келер сол аппақ әрман:
Жасыл таў баўырайы, булақлар сести.
Бултлар ылағысып шыңлардан арман,
Таўдың жаз самалы жағымлы ести.

Рәхәтлендим онын қуўанганына,
Айдай жамалына ынтығып бақтым.
Елеследи ләззет берип жанымa,
Менин жигит ўақтым, онын қыз ўақты...

Айтты: «гөззаллығын мен бул дүньянын
Бүгингидей сергек сезбеген едим».
«Бәри алдымызда, өкинбе, жаным.
Бул гөззаллык бәри сен ушын» дедим.

Онын сулыў даўысы, нарзан сылдыры,
Жасыл таў етеги, жағымлы хаўа.
Ақ бултлардан сығалаған күн нуры,
Бәри дәртимизге бергендей даўа.

«Бахытлыман, бахытлыман» деп ол даўыслап,
Еркелеп ийниме асылып алды.
Бирақ кәпелимде... жүрегин услап,
Үнсиз көзин жумып отырып қалды...

Бахыт пенен бахытсызлық арасы
Қас қағым екенин анладым сонда...
Сопрано! Сен жүрегимнин жарасын
Тырнама, гүнирениp булақ басында.

Сол биимезгил сөнген өмир шырағы
Жансерек Жильдадай*** ышқынып мудам,
Ақ липаслы арыў хаял әрўағы
Мени тынбай излер булақ басынан.

Мақбал креслонын ернегин бүрип,
Мен пүткил барлықты умытып бул ўақта,
Журтты елестирмей, орнымнан турып,
Кетсем деймен мени шақырған жаққа.

Лекин қызғын шапалактан зал гүрлеп,
Сырлы сахна шымылдығы жабылды.



Театр толы халық қыйқыўлап, түргеп,
Люстралар жайнап, шамлар жағылды.

Сопрано, әзийзам! Соннан бер ўағы,
Мен сени тынласам ара-арасында,
Ақ липаслы арыў хаял әрўағы
Мени шақырады булақ басында...

*Август, 1983-жыл, Кисловодск*

---

**Түсиндирмелер:**
* ***Сопрано*** — операда бәлент лапызлы хаял даўысы *(музыкалық термин)*
** ***Маэстро** — бул жерде* дирижер
*** ***Жильда*** — Риголеттанын қызы *(«Риголетта» операсынан).*

## ПАТША ҲӘМ ШАЙЫР

Данқлы Шираз—шайырлардын ўатаны,
Амир Темир жаўлап алды да аны,

Шағал мәслик қурды тилла сарайда.
Бир әндийше ойға келди қалайда:

«Шираз—түсиме көп енген ел еди,
Ҳафиз деген шайыры бар дер еди»...

«Бар, тақсыр. Шақырып берейик» деди.
«Жақ, өзимиз барып көрейик» деди.

Ийт алған түлкиде не сын бар деген,
Шайыр қапа еди. Ели бүлинген.

Шәҳәр шетиндеги қәбиристанда
Гөне махбаранын ық саясында,

Астка төсеп ески гилем жуллығын,
Ғаззел жазып отыр еди ол бүгин.

Алдында ақ қагаз, қолында қәлем.
Патша келип оған берипти сәлем.

«Ҳафиз деген шайыр сиз бе?» «Аўа, биз.
Сиз, бирадар, ким боласыз өзиңиз?».

«Биз Амир Темирмиз». «Хош тақсыр, хызмет?»
Деп шайыр түргелип, көрсетти ҳүрмет.

«Жоқ, отырың. Ҳәлек болмаң түргелип.
Сизге мәлел бердик тосаттан келип.

Мәзи бир саўалым бар еди сизге,
Бир қосығыңыз бәрха ой салар бизге:

«Мәгар кеўлимди алса сол Шираз жананы,
Жүзде қалына беререм Самарқанд, Бухараны».

Деген еки сәтир қосығыңыз бар.
Бул ғәззелди хәмме бақсылар айтар.

Мейли, ел аўзына салынбас тыйым,
Биралла бир әнтек жери бар бунын.

Усы еки қала гүрлеп турсын деп,
Дүньяда теңи жоқ шәҳәр болсын деп,

Мен жүрмен өзимди ҳәзликтен тыйып,
Ҳиндстаннан берман усталар жыйып.

Сиз болсаңыз, сөйткен еки шәҳәрди
Меншик мүлкиңиздей, көз жумып енди,—

Бере жақсыз, қарамай өз ҳалына,
Бир нашардың жүзиндеги қалына.

Сақыйлықтың да бар өзинше шеги,
Бул не деген қолы ашықлық» деди...



Шайыр айтты: «Тақсыр, таңланбаң буған.
Қолымыздың сондай ашықлығынан,

Усындай аўҳалга түсип турганбыз,
Дүньядан қол жуўып, қуры қалғанбыз...»

Патша мыйық тартып, күлди муртынан.
«Қәнәәтлендик биз жуўабыңыздан.

Мәлел берген болсақ, кеширин бизди.
Жаза бериң енди ғәззелиңизди»...

Деп патша бас шайқап, күлди муртынан.
Ҳәм ол кетер ўақта Шираз журтынан,

Қала ҳәкимине тапсырды нықлап:
«Шайырға ғамхорлық ислең жақсылап.

Жайы тозған болса, жай салып бериң,
Мал сақлайман десе, мал алып бериң

Патшалық ғәзийне мүлк есабынан,
Ай сайын напақа берилсин оған.

Йош-илхам бериңлер шайырға бәрҳа.
Бундай шайыр келе бермес дүньяға»...

*Ноябрь, 2002-жыл*

## ҲӘР КИТАБЫҢ БИР ҚЫЗЫҚЛЫ ШЕЖИРЕ

*Жубатқан Муратбаевқа*

Көкирегиң сырға толы өжире,
Аўылласым, ўа азамат Жубатқан!
Ҳәр китабың бир қызықлы шежире,
Суўсыныңды қандырғандай шубаттан.

Зорламаймыз «жазғаныма исен» деп,
Оқыўшының өз геллеси өзинде.

Сен тариихтың асау атын кисенлеп,
Услап алдың дүзде жүрген гезинде,

Ата журты Түркстанды қалмақлар
Шапқанында ессиз батыр қулады.
Гүлдир-гүлдир киснеп сонда жаныўар,
Кеткен еди ылағып...

Жығып кетип жүрмесин сол жайдақ ат,
Жалын кармап, кыс жақсылап тақымды.
Шежиреге «алтын қабақ» байлап ат,
«Билгишлер»ге жиберме өз ҳақыңды.

Жаза берсин олар ғайрат салып тек,
Қарақалпақты «кеше шыққан халық» деп.
Алыстағы архивлерге кире алмай,
Ивановтан—Толстовқа барып кеп...

Ал, сен бала, шежиреңди шерте бер,
Жүирик қыялыңа журтты ерте бер.
Ата-баба әрўағына сыйынып,
Гөне тарийх жолларынан жорта бер.

Нақыл бар: «жүргенге жормал илинер»,
Ықласына Қыдыр ата көринер.
Ески тарийх—көмиўли көп ғәзийне,
Сыр сандығын ийелеген перилер...

Елге деген муҳаббатын шоқ болып,
Жағып кеткен жынғылындай апамның.
Қарақалпақта сендей жийен көп болып,
Қолласын руўхы уллы Шоқанның.

*2001-жыл*





## АРАСАТЛЫ ГҮЗ

Қара булглар қаңғыр гүзги аспанда,
Синоптиклер билер қайда жаўарын.
Еле урыс баратыр Аўғанстанда,
Ҳеш ким билмес қашан тамам боларын.

Бир гезде қоңсымның үлкен баласы
Мазары Шарифте урыста өлди.
Ал ҳәзирги урыс—урыстың жаңасы:
Ҳәм аяған болар, ҳәм қырар елди.

Әжел бүркип ракеталар ҳалласлап,
Посқынлар шөл-қумда омбалап атыр
Қашқанларға самолеттен нан таслап,
Қашпағанын тынбай бомбалап атыр...

*Октябрь, 2001-жыл*

## РАСУЛ ҒАМЗАТОВТЫҢ ЕСТЕЛИГИНЕ

Кавказдың ең бийик саналған шыңы
Өзин пәс тутқандай бүгин қарасаң,
Патиматсыз* қалған бул ялғаншыны
Енди сен де таслап кетип барасаң.

Бәлент таў баўырында сылдырап аққан
Булақ шөлин басар жолаўшылардың.
Сениң қосықларың ҳәммеге жаққан,
Заманласлар кеўлин сен бийлеп алдың.

---

**Патимат*—Р.Ғамзатовтың жақында қайтыс болған зайыбы.

Сулыў хәзил менен даналық сөзди
Илхамлы шайырлық пенен торладың.
Инсан әрманлары қыйнаған гезде
Гүлден—шырай, айдан—сәўле урладың.

Қойсуў дәрьясының бойын жайлаған
Аз санлы авардан туўған ул болып,
Адамзаттың ар-намысын жырлаған
Данқ жайдың Ғамзатов Расул болып.

Шайырлық шыңына сен шыға билдиң,
Заманыңда аскар таўлардан асып.
«Үлкенбиз» деп, кисимсиген еллердиң
Шайырлары шығалмады тырмасып.

Сен туўылған үйде—Цада аўылында
Еске алдық бирге устаз Ғамзатты.
«Даңқлы шайырларды бердик дүньяға»,
Деп Хунзақ сайлары гүркиреп атты.

Уйықла, шайыр! «Сол биймаза дүньяның
Енди сен көрмеген не қызығы бар?
Кел бунда қасыма, әзийз шайырым!»
Деп Патимат бәлким шақырған шығар.

*Декабрь, 2002-жыл*

## ЕКИ СЕГИЗЛИК

*Расул Ғамзатовтан*

Ҳиндлер айтар: әўел баста
Жылан жаратылған деп,
Таў халықлары айтар: дәслеп
Бүркит жаратылған деп.

Мен ойлайман: алды менен
Адамизат жаралған.
Бүркитлер де, жыланларда
Адамлардан таралған.



***

Дәўир, айыплайсаң мени неге сен?
Биз—ақмақ, өзиңди ақыллы билип,
«Кеше қәтелестиң» деп, бүгин сөгесең,
Жазалайсаң хәм де үстимнен күлип.

Өйтип шетке алма бүгин өзиңди,
Өзиң ғой «олай айт», «былай айт» деген.
Сөйлеймен деп жүрип сениң сөзиңди,
Сениң қәтең менен қәтелескенмен.

## ЕКИ ЖОЛ
*(болған ўақыя)*

Мен хәўес етпеймен оның өмирин,
Урыстан қайтты тәнде осколка менен.
Көп жыл баслық болды колхозға бизиң,
Қатаң искер, әдил болды ол әбден.

Бир гүзги қазыўда аўыр жумыстан
Баслықтың хаялы майырылып қалды.
Бала-шаға әбигерленип турмыстан,
Бурынғы күнинен айырылып қалды.

Баслық таң сәхәрде атқа минеди,
Урыстан соңғы жыллар не деген азап.
Сол кеткеннен түн жарпында келеди,
Баллары ол гезде жатады уйықлап.

Әкесин жатырқап, танымай сонда,
Бул ким? десер. Көптен көрмеген олар.
«Келиң, балларым!» деп шақырғанында,
Үрпийисип, анасына тығылар.

Ери урыста өлген бир келин бунда
Көптен көмеклесип сол үйде жүрди.

Ауырыў ҳаял илажсыздан соңында
Өз үстине сол келинди әперди.

Ел билди. Билсе де ерси көрмеди,
Керек адам еди ағам халыққа.
Баслық басқа бузық жолдан жүрмеди
Келинди ол мәслик ушын алып па?

Күнлерден бир күни ағамды бирақ
Райкомның бюросына шақырды.
Тум-тустан сиясат шыжымын орап,
«Бузықсаң» деп албыратты пақырды.

Сонда бир ақыллы нәҳәни турып,
Жол коймады қатты сөзге барыўға.
—Сизге еки жол бар,—деди буйырып,
Партияда қалыуға я қалмауға:

Биринши жол—жас катынды қоясаң,
Сөйтсең, еплеп партияда қаласаң.
Екинши жол—жас тоқалды қушасаң,
Партбилетти тапсырасаң-ушасаң...

Жан киргендей болды ағам байғуска,
Қайтадан киргендей қырғын урысқа.
Айтты: «Мә, партбилет, нетемен енди,
Екинши жолдан-ак кетемен енди»...

*Февраль, 2001-жыл*

## ЖАҚСЫ ҲАЯЛЛАРҒА ЖАС МИНГЕН САЙЫН ...

*Д. Қырмызыға*

Жақсы ҳаялларға жас минген сайын,
Гүзде ашылған гүлдей шырайға енер,
Майысқақ мәжнүн тал жыл өткен сайын
Салланысып сарҳаўызға сән берер.



Изде қалған қыз дәўранның қызығы,
Ақ жүзинде аз кем әжим сызығы.
Ақ жарқын, ийбели көзлер сүзиги
Бир күлип бакқанда йош-илҳам берер.

Отырыслары ханның қонагы янлы,
Сырлы сулыўлықтың булағы янлы,
Көп жыллық муҳаббат шарабы янлы,
Кеўилге йош, жүреклерге қан берер.

Әдеп-икрам менен танылып елге,
Ҳаял ма, бейиштен аўысқан хүр ме?
Ақыл-зейин суўын жуўыртып тилге,
Сөйлегенде сөз мүлкине жан берер

Перзент, үй-машқала, жумыс, ғалма-ғал,
Сыр берип, сын бузбас бир саҳыбжамал.
Журт айтар: «Анасын көрип, қызын ал»,
Ашық Аяз усы сөзге тән берер.

*Март, 2003-жыл*

## БУЛ САМАЛДЫҢ ЕСПЕЙТУҒЫН ЖЕРИ ЖОҚ...

Күншиллер ҳәм ғыйбаткешлер өтирикти шындай етип тоқып шығарады ҳәм ойлаған мақсетине ериседи.

***Амир Темур***

«Өсек ҳәм ғыйбатқа ҳеш қулақ аспа»
Деп билгишлер ақыл айтқан болады.
Бирақ ақыл басқа, өсек сөз басқа,
Ҳәр қайсысы өз жолынан барады.

Өсек сөз дегениң ызғырық самал,
Бул самалдың еспейтуғын жери жоқ.

Биидаи арасында иитсийгек болар,
Харам шөптин өспеитугын жери жок

Күншиллик—ғыйбаттың бузық анасы,
Дөҳмет—жала менен оинастан туўған
Жалған менен ыраслықтың арасы
Билинбестеи етип шебер тоқылган

Ғыибат өз зәҳәрин иширсе езип,
Инсан кеулин ғаплет думаны басқан
Жигитлер ең жақсы достынан безип,
Патшалар ең садык вәзирин асқан

«Өсек сөз иеси қатынлар» десе,
Инанбан[1] Өсектин жынысы болмас
Еркеклер бар, гыибат отын үрлесе,
Ҳаял заты оған ерисе алмас

«Алланды умытпа» деп жүрип олар,
Ақбаиталлык етип өсек тоқыиды
Қус тукымы болган менен карғалар,
Жеркенбестен патас затты шоқыйды

*2000-жыл*

## УЛЛЫ БАБАМЫЗДЫҢ РУЎҲЫ ШАД БОЛҒАЙ

*(Беруниидиң 1025 жыллыгына)*

Бул жер тегин емес, бул муқаддес жер,
Ҳәзирети Хызрды кырк мәрге көрген
Еңбек еткенлерди емиземен дер,
Буған Дийқан баба нәпеси сиңген

Жайҳун сууларынан шөллери қанып,
Ырыс-несиби зыят дәраматлы жер
Улуғлардың киндик қанлары тамып,
Бесиги тербелген кәраматлы жер

Өткенлердиң исмин еслеп, яд етип,
Дуўа қылып, сауап етсең арзыиды
Уллы бабамыздың рууҳын шад етип,
Басқан изин таўап етсең арзыиды

Илим дүньясының биииик көгинде
Сиз жети жулдыздын бири болдыңыз
Пәрўаз еткен илаҳийлик шегинде,
Алымлар султаны, пири болдыңыз

Бүгин буркып аққан Әмиу боиында
Еркин мустакиллик самалы есер

Жаңа әўладлардың акыл-ойында
Дана ўәсиятларың ядларға түсер.

Қаншама тәкаббыр патшалар өтти,
Жәхәнди титиреткен даңк-салтанаты.
Көби умытылды. Лекин әлбетте
Умытылмас Беруний бабамның аты.

Мактанаман бүгин бул алтын гүзде
Ўатанлас әўладың болғанлығыма.
Мың жылдан кейинги мерекеңизде
Сизди тәрийп етип турғанлығыма.

## МЕН МУҒАЛЛИМ ДЕГЕН ХАЛЫҚТЫ СҮЙЕМЕН

Жас әўладлар, келешекке баратқан,
«Устазым» деп сыйлап, арка сүйеген,
Қалың елге билим нурын таратқан,
Мен муғаллим деген халықты сүйемен!

Хәммелерден акыллы хәм билимли,
Ең дәслеп силтеген жүрер жолыңды,
Мудамы көксиме қойып қолымды,
Мен муғаллим деген халықты сүйемен!

Әййемде данышпан Әрастуў өткен,
Аплатун ол затка устазлық еткен.
Искендер Зулқарнайн, Амир Темурлер
Устазға бас ийип, хүрмет көрсеткен.

Устаз болған ерси исти етпеген,
Билгирмен деп менменликке кетпеген.
Наўайылар журттан уллы болса да,
Жамийдиң алдынан кесе өтпеген.

Билимли ел санасы бар, көзи бар,
Озык дүнья арасында өзи бар.



«Бир хәрип үйреткен устазға қырк жыл
Хызмет қылың» деген халықтың сөзи бар.

«Билимли ел озар» дейди халайық,
Бул нақылға бәрха садық болайық.
Бизде сондай даңклы муғаллимлер бар
Беруний әўлады деўге ылайық.

Сиз—мураббий, турған булақ басында,
Хәр жеткиншек қанып ишсин жасында.
Жаңа заман талабына садық бол,
Бүгин жаңа әсир босағасында.

Бул киятқан әсир пүткил әлемде
Жүгинер тек илим менен билимге.
Бул киятқан әсир саған түсинбес,
Сөйлеспесең компьютер тилинде.

Пал хәрредей гүлден әсел жыйыңлар,
Устазлықтың жолы енди қыйынлар.
Мийге—билим, жүрегине жаслардың
Адамгершиликтиң нурын қуйыңлар.

Билим менен акыл егизге усар,
Билим—келешекке негизге усар.
«Билимсиз-ақ жасаймыз» деп жүргенлер,
Ендиликте суўсыз теңизге усар.

Руўхыңды шөллетпей суўғарар болың,
Албаўлық арбасын туўарар болың.
Хәр оқыўшың тест-сынақтан өткенде,
Шешен қыз туўғандай қуўанар болың.

«Устазым» деп, жаслар арка сүйеген,
Алдыңызда ақ басымды ийемен.
Келешектиң гүлшанына гүл еккен,
Мен муғаллим деген халықты сүйемен.

*2001-жыл*

## АЛЛЕРГИЯ

*академик Т.Ещановқа*

Ата-баба ат қоймаған шамасы,
Ҳәзир «аллергия» деген ылаң бар.
Ал оның илимий анықламасын
Акачемик Ещановтан сораңлар

Мен мәзи билгеним: адамлар ҳәзир
Түрли дәрилерди ишип-жеп атыр.
Сәл жақпас аўқатты жеп қойса да бир,
«Ўақ-ўақ, аллергиям шықты» деп атыр.

Пулың болса, не жоқ базар апаңда.
Не көрсек, изине түсип атырмыз.
Не әжеп ишимлик болса жаҳанда,
Әлле қандай көрип ишип атырмыз.

Бир дәри жақпаса, екинши түри,
Жамбастан уколды берип атады,
Биреўлерге жақпас жийдениң гүли,
Биреўлер хаўадан көрип атады.

Тәбиятты қорлап, жәбирин тартсақ та,
Бузық пейлимизди ақлап жүремиз.
Суў бермей, Аралды өзимиз қуртсақ та,
Аллергияны да соннан көремиз...

Бул кесел ертеде жайылған емес,
Сонда қайдан шыққан? Ойлап қараңлар.
Оның диагнозын шайырдан емес,
Аллерголог Ещановтан сораңлар.

Ол айтады: «Бунын еми геўилде,—
Геўил тамыры бунын шын даўасы» дер.
Шайыр айтар: «барлық бәле кеўилде,
Шурт минез заманның қышымасы бул»...



Бир-биреўдиң нервасына тийемиз,
Кеўил иренжиткиш ҳазаршы қусап,
Исимиз жүрмесе, журттан көремиз,
Қалтасы жуқарған базаршы қусап.

Биреўге биреўдиң сөзи жақпайды,
Бир жыртық балонға жел берген яңлы.
Биреўдин биреўге өзи жақпайды
Кесел қоздырыўшы аллерген яңлы.

Телевизорды таўласаң да кәўетер,
От алғандай дүнья деген уяңды,
Қайдандур жаўызлық күшлер саў етер,
Ҳәм қоздырар бәри аллергияңды.

Бул кеселге шатылмаўдың исласы:
Кең пейиллик, мийрим, ҳақ нийет керек.
Буны емлеў жолын айтсақ, қысқасы,—
Кеўилден кеўилге мириўбет керек.

Шайыр айтқан болса кеўилдиң ҳағын,
Аллергия болмаў жолын қараңлар.
Енди бунын медициналық жағын,
Академик Ещановтан сораңлар...

*Апрель, 2000-жыл*



## ШАЙТАННЫҢ ШАҒЫМЫ

*(Аллегорик ҳәзил)*

Шайтан ҳәзир компьютерге **отырып**,
Адамлардан сумлық үйренип **атыр**.

Булытлар сен жүргендей барады ығып,
Даўыл ҳүким еткен жақларға қарай.
Шайтан Қап таўының басына шығып,
Тәңири таалаға шағынды былай:

«Уллы Жаратыўшым, бүгин сизге мен
Мына ҳәзирги бенделериң үстинен
Шағым-арза жазып, ашыў-ызалы,
Жиберип атырман факс* арқалы.

Қатты кетти ҳәзир адамызатың,
Бизге аўдармақта бар жаманатын.
Дөхмет деген нәрсе аўыр зат екен,
Шыдам берер емес сабыр-тақатым.

Кеше бир наркоман—гиябент заңғар,
Сотланып атырып айтқан сөзи бар:
«Мени шайтан азғырды» деп жылайды,
Анасын өлтирген ол кудабийзар.

Ол ийтти танысам екен сирәда,
Қараң, өз қылмысын кимнен көреди?

* ***Факс*** — почтада хаттың хаўа көширмеси.



Ызғыған наркоман ҳәзир дүньяда,—
Бузықлықтың, жаўызлықтың дәреги.

Топырақтан жараттың адамзатты сен,
«Бәрше жанзатлардың гүлтажы бол» **деп**.
«Жақсылық, дурыслық ҳақтан тилеген,
Ақыл, мириўбеттиң булағы бол» деп.

Айттың: «Табыныңлар адамға!» дедиң.
Ал мен табынбадым сол мақлуғыңа.
Сол ушын дозаққа таслаған едиң
Мени, көнбеген соң өз пәрманыңа.

Сен қадаған еткен бейиш мийўасын
Жегизгеним ырас Ҳаўа енеге.
Енди көр сол адамлардың қылўасын,
Аўзың бармас көбин «бендем» демеге.

Шайтан адамларды адамға қайрап,
Пейил мүлкин шайқап, ғаўзастырады.
Инсанлық ҳүжданын, ийманын сынап,
Түрли жолға бурып, алжастырады.

Ҳәр бендениң өз нәпси, өз мәпи бар,
Сол мәпине тийип кетсе биреўи,—
Көбиниң инсанлық көзи қапылар,
Тайып кетер ийман-инсап тиреўи.

Адамзаттың сол бир әззи жерине
Шайтан түртип қашып, сынап, ойнайды.
Ал адамның базы ҳийлелерине
Ҳәтте шайтанның да жүреги суўлайды.

Жеке адам менен ислесер шайтан,
Ал адамлар түрли мафия дүзип,
Жинаятлар ислеп, салады ойқан,
Шайтан жиркенерлик қылўасы бузық.

Адамлар шөллерге бурып дәрьяны,
Теңизди қурытып, жаўратар елди.
Сылтау тауып урыс ашып, дүньяны
Полигон қылыўдың заманы келди.

Олар әлле қашан умытқан сени.
«Қудайын ким?» десе, «Доллар» деп қояр.
Олар ушын нызам—соның дегени,
Фаусттаи* өз жанын сатыуға таяр.

Сумлық, алдаў, илим, зулым—төртеўи,
Тил табысса жаўыз максет жолында,
Иесиз ормандай дүньяны өртеўи
Я жарып жибериў солар қолында

Лекин бенделер көп саған сыйынған,
Тәңирини бир билер халық деген киси.
Мен шығып атырман енди оиыннан,
Адамларға қалды шайтанның иси.

Аман қалсақ бул барыстан егерде,
Берген демиң таўсылады қай таңда.
Адамның шайтаны өрбиген жерде
Жумыс қалмас екен ырас шайтанға.

Жаратқаным, бул арзымды уғарсаң,
Я қаитадан дозағыңа тығарсаң.
Тәўир болар еди, адам қусатып,
Пулы барлаў пенсияға шығарсаң...»

*Сентябрь, 2003-жыл*

---

* ***Фауст***—немислердиң әпсанасында доктор Фауст деген алым шайтанға жанын сатады — ***И.Ю.***



**Өзбекстан халық шайыры Зулфия менен жазыўшылар пленумында. *1984-жыл***





**Өзбекстан халық шайырлары Миртемир ҳәм Абдулла Арипов пенен. *1970-жыл***



**Шайырлар Жолмурза Аймурзаев ҳәм Бабаш Исмаилов пенен.** ***1967-жыл***



**Шыңғыс Айтматов ҳәм академик Сабыр Камалов пенен.** ***1977-жыл***



**Шайырлар С. Ералиев (қырғыз), Асхад Мухтар, И. Юсупов ҳәм Е. Ўаҳидов.** ***1987-жыл***



**Жазыўшылар Николай Тихонов, Камил Яшин, Анатолий Сафронов ҳәм Ибрайым Юсупов.**
**Москва, Колонный зал** ***1990-жыл***



Расул Ғамзатов пенен ушырасыў — Т. Қайыпбергенов, Б. Исмаилов ҳәм И. Юсупов.



**Шайырлар Давид Кугультинов ҳәм Қасын Кулиев пенен.**
***1991-жыл***



**Рус шайырасы Римма Казакова менен.** ***1989-жыл***



**Жазыўшылар топары.** ***1990-жыл***



**Устазлар – Аббаз Дабылов ҳәм Садық шайырлар.**



**Шайырлар Тураб Тула, Ибрайым Юсупов, қырғыз халық шайырасы Майрамхан Абилқасымова ҳәм Өсербай Хожаниязов.** ***1980-жыл***



1973-жылы Тақыятас гидроузелиниң ашылыў салтанатында: Б. С. Лычагин, И. Юсупов, Е. Айтмуратов, Қ. Камалов, И. Жорабеков, Ж. Палўанов, Д. Ешимбетов.

## ӨМИР АЛДАНБАЙДЫ АДАМНАН БИРАҚ...

«Өмир сүриў деген—алмак-бермек» деп,
Ғарры Верхарн* дурыс жазған ба деймен.
Ал биреўлер оның сөзин ермеклеп,
«Бермек» деген жерин сызған ба деймен

Өмир менен тил табысыў ушын сен,
Оны шын жүректен сүймегиң дәркар
Оннан алғаныңды есеси менен,
Ўақтында қайтарып бермегиң дәркар

Инсаный инабат, жақсылық ушын
Ҳақ нийетли гүрес апарсаң мудам,
Дөретиўши мийнетке жумсалса күшиң,
Алғаныңды қайтып бергениң оған

Сен болсаң, тил ушын, қол ушын жаллап,
Еңбек етпей еки асасам дейсең
Несийеге алып, өмирди алдап,
Журттан зыятырақ жасасам дейсең

Мейли, буиырғанын асасын ҳәр ким,
Өмир сараң емес, лекин—есапдан
Өмир дииқанға да усайды бәлким,
Нақыл бар «не ексең, соны орарсаң».

Өмир алданбайды адамнан бирак.
Банклер де пайызсыз кредит бермес
Төлеў мүддетине дейин, азырақ
Бурқып жасаў мүмкин, ол да үндемес.

«Сораўы жоқ» мут дүньяға молығып.
Көзиңе май питер, дәуран сүрерсен.

---

* *Эмиль Верхарн*—Белгия шаиыры

Жуўмағында бир бәлеге жолығып,
Алаўық пейлиңнен азап көрерсең.

Жүрг айтпай-ақ ғаныр гәптин астарын,
Ҳийлекерлигиңди адамлар билер.
Сеннен қаша баслар заманласларың,
Бармағын шошайтып, сыртыңнан күлер.

Банкрот боларсаң ҳүждан исинде,
Пейлиң азар, инсанлыққа жарамай.
Шабдырыспақ ойнаймыз деп түсинде,
Төсегине сийип шыққан баладай...

*2001-жыл*

## ПЕГАС *

Йош тулпары—Пегас асаў ат екен,
Оны услаў қатты машақат екен.
Несип етип мине қойсаң бирақ та,
Жаныўар, шабысы кәрамат екен.

Мен оны Шымбайда Кегейли жаптың
Бойындағы Арқаш көлинен таптым.
Ийт азаплар менен услап, үйретип,
Еплеп минип алып, елиў жыл шаптым.

Ол ат бизди талай жығып та кетти,
Зәңгиден аяқлар шығып та кетти.
Өткели жоқ тәғдир дәрьясында ол
Базда өрлеп, базда ығып та кетти.

Асаў Пегас көп жылқыдан мықлы ол,
Бизди талай жерден алып шықты ол.
Жини тутып, жыға қойса шайырды,
Сулыўлардың аяғына жықты ол.

***Пегас***—шайырлық йоштың қанатлы тулпары. Парнас—шайырлық илхам булағы бар таў (әйемги грек мифологиясынан). И.Ю.



Қанатлы ақ тулпар—илҳам пырағы,
Парнас таўын дүсирлеткен туяғы
Қара тасты қақ айырып, сол жерден
Бурк етипти шайырлық йош булағы

Оны излеп, жартасларға тырмастым,
Аңқам кеўип, ат жалына жармастым.
Сол булаққа барар жолды табалмай,
Еле жүрмен етегинде Парнастың...

*7-февраль, 2002-жыл*





## КОМПЬЮТЕР ЗАМАНЫНЫҢ МУҒАЛЛИМЛЕРИНЕ

*Устазлар ҳәм муғаллимлер күнинде оқылған қосық*

Халықта сөз бар: «Устаз—атаңнан уллы».
Камил инсан ушын пидакерлерсиз.
Жаслар көп, билимли, табыслы, пуллы,
Оларды да адам қылған сизлерсиз.

Хызметиңиз келешектен қайтқандай.
Жаңа бостанлардың бағманларысыз.
Сиз устазлар, Президент айтқандай,
Азат елдиң әзийз адамларысыз.

Мәни берип, сер салсаң бул заманға,
Тәбийи өзге бир заман киятыр.
Компьютерди түсинбеген адамға
Оның тест сынағы жаман киятыр.

Дәрья ғасыр муз қозғалар қарсаңда,
Билимсиз жасаймыз дегенлер жаҳил.
Егер тилиң менен орақ орсаң да,
Енди дәртке аспас билимсиз ақыл.

Алма алыс түспес өз ағашынан.
Нақыл бар: «не ексең, соны орасаң».



Ықласын билимге жыққан жасынан,
Өзиңнен билимли шәкирт аласаң.

Сен устазлық етсең шынтлап егерде,
Оқыўшың дүньяны таңлантып, бәлким,
Жер жүзилик көрик таңлаўда, бирден—
Үш алтын медальды алыўы мүмкин...

Билим—қүдирет, таў жоқ ол алмайтуғын,
Келешеги уллы заманы да бар
Бирақ умытыўға хеш болмайтуғын
Мәселениң басқа тамaны да бар:

Алтынның жез қурлым қәдири болмас,
Мағрифет билимге нурын салмаса.
Тек бир билим менен инсан болалмас,
Адамшылық пазыйлети болмаса.

Жас әўлад билимге жумсап бар күшин,
Ақыл-зейини менен әлемди шолсын.
Ўатан ушын, адам ушын, халық ушын
Жанып жасайтуғын азамат болсын.

Дүньяға мийримлик үлгисин берген,
Қызларымыз Оралдай арыўлы болсын.
Ўатан туўын төрт мәртебе көтерген,
Баллар Қутыбаевтай қарыўлы болсын...

Айтып қойың оқыўшыңа ҳәр ўақта:
«Ашық болсын адамшылық көзиң» деп.
«Компьютерди бил жақсылап. Бирақта,
Компьютер болып кетпе өзиң» деп...

*30-сентябрь 2002-жыл*

## ШАЙЫР ТЕҢЕЛБАЙҒА

«Жүр, малдың алдына шығайық, Шайда!» *
Шақыр тез, бийдәўлет Теңелбай қайда?
Жазыўынан «жуўыўы» көп шайырдың,
Бир қосық туўылса еки-үш айда...
Жүр, малдың алдына шыгайық, Шайда!

Жолдың еки бойы пахтадан-пахта,
Қосық жазамекен мал келген ўақта?
Мал емес аў оның дәрти бирақта,
Оның кеўли сенде, өзи хәр жайда,
Ўақтын хош етерлик нәрсе бар жайда...

Саган ашық болғанлықтан жасында,
Шаиыр болып шыққан ол ырасында.
Ышқы әксери бар оның басында.
Сондай дәрт болмаса, шайырлық қайда.
Ең жақсы қосығы сен един, Шайда.

Еки аягына бир етик кийип,
Жуўырды изиңнен ышқыңда күйип,
Ал сен кетип қалдың басқага тийип,
Зар жылап Теңелбай қалды бир сайда.
Оның йош-илхамы сен един, Шайда.

Теңелбаида шайырлық бар, йошы жоқ.
Сен кеткели оның кеўил хошы жоқ.
Жазган қосыгынан аитқан тосы көп.
Шаглап жүре берсин мереке-тойда.
Жүр, малдың алдына шығайық, Шайда!

*Декабрь, 2002-жыл*

---

*«Жүр, малдың алдына шығайық, Шайда!»* — Теңелбай Сәрсенбаевтын қосығынын аты. — *И.Ю.*



## БАРТЕР

*Насраддин Афандиниң қуда түсиўи*

Дәстүрдиң «қалың мал» деген шыгынын
Айтыссақ, заманға болмас ылайық.
Ең абзалы, базар қатнасыгынын
Дәстүри бойынша бартер қылаиық:

Күйеў бала таўып беремен сизге,—
Улым жақсы жигит. Еле көресиз.
Орнына мақтаўлы қызыңызды бизге
Келинликке бересиз...

## АШЫҚЛЫҚ ПЕНЕН КӨП ОЙНАМА, БАЛА

Ашықлық пенен көп ойнама, бала,
Ақыл-хуўшың бийлеп алар мухаббат
Дәртсиз кеўлинди сен қыйнама, бала,
Саў басына саўда салар мухаббат.

Сен кирмеген багда жемис пискендей,
Сәнемлер колынан шарап ишкендей,
Қуўрак тамызыққа ушқын түскендей,
Түтинсиз, жалынсыз жанар мухаббат.

Абайсызда алтын таққа миндирип,
Хүкимсиз-ақ айтканына көндирип,
Ақмакларды ақылына ендирип,
Ақыллыны мәжгүн қылар мухаббат.

Ашық Аяз, хәзил-шыны аралас,
Бай-жарлыма, кимлигине қарамас.
Қайсы аўылдың қызысаң деп сорамас,
Аяғына сени жығар мухаббат.

*2000-жыл*

## ЕКИ ҚАТЫН СӨЙЛЕСКЕНДЕ...

*Ҳәзил*

Еки қатын сөйлескенде,
Қазанда сүт тасып кетти.
Желиндеги ийген сүтти
Бызаў емип қашып кетти...
—Абысын аў, жақсы келдиң.
Базарға да шыққан жоқпан
Гәплери көп усы елдиң,
Айтшы аз-кем жаңалықтан...
—Жаңалық сол: азанғы шай
Ирип кетти қапылғыр-ай,
Анаў Ешки аўыз шеше
Берип еди сүтин кеше.
—Қутлықлайық сол шешейди;
Келини туўыпты дейди.
—Туўғанда да егиз бала.
Көп қатнады Ақ таўға да...
—Бала-шаға сақлаўға дә...
—Өйббей, сорым, абысын ай!
Ишилмеди азанғы шай...
—Қапылтпашы, құрдасжан ай.
Сүт деген мол. Беў, сорыма.
Ийсин деп бызаўды ғана
Жибердим де, байламадым.
Сен келер деп ойламадым...
Қазандағы сүттен ақ ал.
—Сол шешейдиң врач қызы
Көп отырып қалды өзи.
Кеше докторлық жақлапты.
—Жақсы хабар және таптың.
Болағойсын, жақсы қыз ғой.
Қалай өтти кешеги той?
Бәри айтылды асығыста,
Түсте болды усы туста
Толымбеттиң той бергени,
Қалимбеттиң қой бергени.



Үзилдиктиң үлкен қызы.
Енежанның елгезери.
Баяғы бир гәптиң изи.
Базардағы қымбатшылық
Модаларда шыққан қылық.
Пулдың қәдирсизлениўи,
Айтты бәрин дәстан қылып.
Еки қатын сөйлескенде,
Қамырлары ашып кетти.
Желиндеги сүттиң бәрин
Бызаў емип қашып кетти.
Телефонның төлемлери
Еки-үш мәрте асып кетти.
Суўсыз жерлер абат болып,
Дәрьяда суў тасып кетти.

*Февраль, 2001-жыл*

## ПОМАДА

Ах, помада, помада!
Жуқпаған жериң қамады.
Ҳәр сапары жуққаның
Жәнжелге жәнжел жамады ...

Бир күни шайыр ал енди
Йош перисин шақырды.
«Помада деген бәленди
Жаққанды қой!» деп бақырды.

«Ақылы жоқ-аў периниң,
Қызарған затқа қызады.
Құдайдың берген ерини
Не деген сулыў, мазалы.

Помада деген бәленди
Жеген саиын күиемен.
Йошланыў ушын ал енди
Қаягыңнан сүиемен?!».

Күлди Илҳам периси:
«Әжеп тәўир халықсаң.
Сезип жүрмен, сен усы
Заманнан артта қалыпсаң

Еринге тийме, кел бери,
Сүйсең таўып қайымын,
Помадасыз жерлери
Қапылдыма, шайырым...»

## ҚАРА КӨЙЛЕК ИШИНДЕ...

Әрманлыда әрман көп,
Тамсанғандай түсинде
Ол ким екен. Улмамбет,
Қара көйлек ишинде?

Не бар бала ойында?
Отырсаң жол бойында,
Үңилип ақ мойынға,
Қара көилек ишинде.

Жигитке әдет сығалаў,
Көзиң ағын жығар-аў.
Әйтеўир-ақ шығар аў,
Қара көйлек ишинде...

## МУЗЕЙДЕ

*Сүйинбай Ералиевтен*

Бир қараған көзин қайтып алғысыз.
Қарайман картинаны турған бөлек.



Жалаңаш сулыў жатар онда жалгыз,
Пүтинлей залдың ишин нурға бөлеп.

Келгенлер бәри қарар үймелесип,
Музейде басқа сүўрет қалмағандай.
Қарар ол сезиминңнин бәнтин шешип,
Ой менен сен жөнинде әлле қандаи

Ол кимди излемекте бунда жатып?
Сулыўлар, тәкаббыр көз қарасыңыз,
Кимлерди жазылмастай дәртке шатып,
Дәртлини айықтырып қоясыз сиз

Қумарды қашан, қәйтип қозғарды да
Бир ғана сизлер жақсы билесизлер
Ол түўе, жаны жанлас досларды да
Бир-бирине қас қылып, бөлесизлер.





## ЕРТЕДЕГИ ҚОЙЫН ДӘПТЕРДЕН

### ИЗИМБЕТ АҒАНЫҢ ШЫЛЫМ МЕНЕН ХОШЛАСЫЎЫ *

Хош бол енди сен қырқ жыллық жолдасым,
Бел байладым сенсиз өмир сүрмеге.
Дәртлерине төзе алмады бул басым,
Мәжбүр болдым саған жуўап бермеге.

Тамақ ишпей жүрген мезгил көп болды,
Ал сени умытқан гезим жоқ болды.
Аўызға дәм, қарынға май питирмей,
Шайнағаным аўқат емес, шөп болды.

Урыс жыллары жеңиў ушын душпанды,
Солдат пенен сен де кеттиң урысқа.
Самосатқа түўе, жоңышқа топанды
Шектирдиң-аў сонда, заңғар, қурыслап.

«Беломор», «Казбек», «Пальмира»лардың
Қалыўсыз түр-түрин көргенбиз бәрин.

---

* 1978-жылы жазда Ташкенттеги хүкимет емлеўханасында Изимбет аға Арзуев, Абдулла Бекманов үшеўимиз жатқанымыз бар. Бул ҳәзил қосық сонда жазылып еди. — *И.Ю.*



Шыбынлаған аттай, жыйналысларда
Зорға отырғанбыз тутып қумарын.

Жаман ойнас усап кейниме ерме,
Мен сени көрмейин, сен мени көрме.
Қой енди сен маған үлпет болғанды,
Атаңның қарызы болмаса менде.

Билгенлерге азап, билмеске күлки,
Бир сигарет болды дүньяның мүлки.
Бизлер жутқан никотинди жегенде,
Набыт болар еди бир үйир жылқы.

Сақ адам деп Ысмамытқа бармадың,
Сейтеков пенен де сырлас болмадың.
Қайда ақ көкирек болсаң, күниң жоқ,
Ыңғырыўлап қыр соңымнан қалмадың.

Көк түтин жутқызып бала-шағама,
Жөтелдирип, асыласаң жағама.
Барғанында қандай жарасар един,
Палўанияз «Ағаш қуйрық» ағаңа.

Шекпей-ақ жүр Нөкистеги Жумекең,
Нәшеси жоқ десең, бәле сум екен.
Бул папирос, сигареттиң түр-түрин
Шығарып атырған заңғар ким екен?

Абдуллажан, аитарың жоқ сениң де,
Бир пачкадан қайтар нормаң күнинде.
Түтинине шыдап, бай қылып жүрген,
Рахмет дер едим Дәме келинге.

Ата-баба насыбай атқан ҳәрдайым,
Жаңа заман таңды бизге бундайын.
Ара-тура азлап шарап ишсек те,
Шеккенди қояйық, иним Ибрайым.

*18-июль, 1978 жыл, Ташкент*

## ЖЕТПИС—СЕНИҢ ЖЕЗДЕҢ ЕМЕС...

*Абдулла Бекмановқа дослық ҳәзил*

Жақсы атлар аз киснейтуғын
Көп шабады, шаршамай терлеп.
Сен аз сөйлеп, көп ислейтуғын
Әдетиң бар-жасларға өрнек.

Елдеги зор қурылысислерин
Ҳүкимет саған тапсырар еди.
Қайтпас қарыў, билим, күшлерин
Көп сынақтан απшығар еди.

Шешен туўған минезиңе келсек,
Туўры айтасаң қарамай бет-жүзге.
Сени еле жас гой деп жүрсек,
Келип қапсаң мине жетписке.

Жаслық дәўран қайтадан келмес,
Ол туўралы ойлама, бала.
Жетпис—сениң жездең емес,
Жетпис пенен ойнама, бала.

Жетпис пенен ойнама, демек,
Ол баяғы елиўиң емес.
Сен кешеги Дәмеге еркелеп,
Былғаланлап келиўиң емес...

Бул ескертиў тек саған емес,
Өзиме де айтып атқаным.
Шаўып үйренген атлардың басын
Әсте жүр деп, тартып атқаным.

Жас әўладлар ҳүрметлеп, еслеп,
Атымызды тутып байласын
«Қайнағалар жаман емес» деп,
Келинлеримиз де сыйласын...



## ДОС ҲӘЗИЛИ

*Оразақ Бекбаўлиевтиң 50 жыллығына ҳәзил*

Бес төбеден нәзер салсам ҳәр жайға,
Маған бир әжайып мурын көринди.
Ышқы оғы жаман екен, жанларым,
Мурынлар ишинде бурын көринди.

Әлқысса, мен оның айтайын сырын,
Буннан саппа-саррас елли жыл бурын,
Ялғаншыға келди бул даңқлы мурын,
Ол жыл өзимниң де жылым көринди.

Мурын көрмегенге мурын таң болып,
Иши күйгенлердиң баўыры қан болып,
Қуанысып пүткил Назархан болып,
Той берисип атқан елиң көринди.

Мурын ийесине сондай жарасты,
Көп жигитлер қызғанысып қарасты.
Нөкис ҳәм Қазаннан қызлар таласты,
Жолларында бирим-бирим көринди.

Досжан, Омарлардың пәти басылды,
Биразлар мурт қойып, мурнын жасырды.
Шыпшық пәсте қалып, таўлар бас урды,
Бийигинен Кавказ, Қырым көринди.

Гөззал инсан бул мурынның ийеси,
Талай көпирлерден өткен түйеси.
Көп қызлардың болған еди дәмеси,
Оларды кәлемей, қырын көринди.

Студентлик жыллар бирге жас болдық,
Бир күн тойып жүрсек, бир күн аш болдық.
Төрт жыл институтта партелас болдық,
Устазлар не айтса, билим көринди.

Көрдим илим қуўып жуўырғанларын,
Берунийдиң бизде туўылғанларын,
Жазды китап етип, ҳәм де Тарастың
Арал бойларына қуўылганларын

Мурын көрмек болсаң, көрип қалыңлар,
Ыссыласаң саясына барыңлар.
Жипек минез жигит болайын десең,
Оразақтан бизиң өрнек алыңлар!

*1979-жыл, сентябрь*





## ӘЖИНИЯЗДЫҢ ӘРМАНЛАРЫ

**1**

Жанға тийди журттың гаремет сөзи,
Қысынса ашылмас ақылдың көзи
Қосық туўа бермес өзинен өзи,
Қойың мүсәпирлик халыма мени

Жол ортада ат туяғын майырган,
Жаманы жоқ йошсыз қалған шайырдан.
Өйтип мени өз күнимнен айырмаң,
Қойың мүсәпирлик халыма мени

Кемпири дыңғырлап сөйлеп қасында,
Бираз дослар қалды ошақ басында.
Атың сүринбесин мениң жасымда,
Қойың мүсәпирлик халыма мени

Гүўилдетип өсек сөздиң нобайын,
Алды менен жанга тийер ағайин.
Жалтаң болып, қай бириңе жагайын,
Жәбир қыла бермең жаныма мениң.

Келтире берсеңлер мениң жинимди,
Қолымнан келгенин мен де етемен.
Қолтығыма қысып жас қатынымды
Даўысыңыз жетпестей жерге кетемен,
Қойың мүсәпирлик халыма мени

*Май, 1983-жыл*

## 2

Сулыўлар ышқында бәрҳә күйдирип,
Ойнаўға үйренген ҳәзилкеш тәғдир,
Ғаибана ашықлық пенен сүйдирип,
Сынамақ болғанды бәлки тағы бир...

Аиралық шөлинде жүрсем гентиреп,
Ағар булақ болып алдымнан ақтың.
Таныс болмасам да танып, сенсиреп,
Тартына-тартына қапыңды қақтым.

Өмир деген заттың қай жери қызық,
Билмесе муҳаббат деген нәрсени?
Артыңдағы барлық көпирди бузып,
Сәтли күни алып кеттим мен сени.

Жақсы-жаман көзлер изден қарасып,
Дәрьяның шеп жағы бетинде қалды.
Сыртыңнан тон пишип, саған таласып,
Жуўырганлар емес, буйырған алды.

Анаў-мынаў затты журт көрмес мақул,
Қуўандым қол жетип сағынғаныма.
Ҳаял сулыўлығы—шырай ҳәм ақыл
Екеўи бир жерден табылғанына.

«Илҳам periси бол байғус шайырдың»,
Деп жаратса керек тәңирим өзи.
Кеўлим барлығыңа сениң қайылды,
Мийирхан кемпирдиң арзыўлы қызы!

*Декабрь, 2001-жыл*

## 3. ЫРЫМ

Анам айдарымды сыйпап отырып,
«Үш орайың бар..» деп күлгени есте.
Ол ойлаған: балам дәўранды сүрип,
Қатара үш отаў тигер деп өссе.

Ырымлар да бизге тиккендей қастың,
Не дерсең тәғдирдиң ғалма-ғалына.
Шүкир, олсыз да бул ғаўғалы бастың
Төрт орайы болмағанына...

*Апрель, 2000-жыл*

## 4. КЕЛГЕН БОЛДЫ МА

Ығбалың оянып, бахтың жанбаса,
Ялғаншы дүньяға келген болды ма.
Ышқы висалынан мийриң қанбаса,
Муҳаббат бағына кирген болды ма.

Шағлап қудай қосқан қостарың менен,
Қәдир билер қәлем қасларың менен,
Шағал мәслик қурмай досларың менен,
Бес күнлик дәўранды сүрген болды ма.

Гүл ышқында күймек бүлбилдиң кәри,
Аңсағаным—туўған жердиң бәҳәри.
Әдира қалған арзыў-әрманның бәри
Жат журтта түсиме кирген болды ма?

Қанаты суў болған сүйлиндей мысал,
Жасың қайтса, шалқып ушалмас қыял.
Қәбириңниң басында бир жақсы ҳаял
Жылап қалмаған соң, өлген болды ма...

*Апрель, 2002-жыл*

## ҚУЛПЫТАСТАҒЫ ЖАЗЫЎЛАР

*(Эпитафия)*

**Ерназар Алакөздиң анасы ҚУМАР АНАЛЫҚтың Қазақдәрьядағы қәбир тасындағы жазыў:***

Нақыл сөз бар «Алып-анадан» деген,
Бабалардын бул айтқаны даналық.
Халқына баҳадыр ул туўып берген,
Руўҳың шад болғай, Қумар аналық!

**БЕРДАҚтың естелигине:**

Заман дәртин дәстан етип тилинде,
Халқының ар-намыс ҳүжданы болдың.
Аяқтағы қарақалпақ елинде
Шайырлық мүлкинин султаны болдың.

Ҳәр сөзинде даналығың таныттың,
Мәртлиги бар Алакөздей алыптың,
Көнли ақ, қалпағы қара халықтың
Қосыққа айланған әрманы болдың.

---

*Бул естелик сөзлердиң көбиси марҳумлардың жақын-жуўықларының өтиниишлери тийкарында жазып берилди — ***И.Ю.***



**Шымбай қаласындағы ӨМИРБЕК ЛАҚҚЫ ескерткишиндеги жазыў:**

Бир геллеге қонып мыңлардың бақты,
Пақыр-пуқаралар қорланған ўақты,
Ашшы күлки менен халқын жубатып,
Шымбай жақта өткен Өмирбек лақкы.

Онда үй болмаған, ылашық болған.
Бирақ қайда барса, жол ашық болған.
Өмирбек келипти десе бир үйге,
Шийдиң жыртығына таласық болған...

**МӘТЕКЕ ақсақал ЖУМАНАЗАРОВтың естелигиндеги жазыў:**

Таллы жағыс тамғалының жеринде
Бул жақты жәҳәнге кеттиң ақсақал
Ат көтерип қарақалпақтың елинде,
Бир киси ким болса, болдың ақсақал.

Туўры сөзден жалтармадың жасқанып,
Халқың менен астың заман асқарын,
Он сегиз жыл парламентти басқарып,
Заң-закун басында турдың ақсақал.

Жийреншедей жүйрик, шийрин тил болса,
Ата-баба дәстүр тутқан жол болса,
Бул әтирапта қанша улыс ел болса,
Бәри ҳүрметинде болды ақсақал.

**Ҳүрметли ШАРАП РАШИДОВтың естелигине:**

Ҳәм алым, ҳәм даныш, дийқан едиңиз,
Беглигин бузбаған султан едиңиз.
Кишипейил, гөззал инсан едиңиз,
Алтынға қаплар журт сөзлериңизди.

Дүньяға данқ жайған өзбек еллери,
Ғумшалап ашылған ығбал гүллери.
Жаңа дәўран-мустақиллиқ желлери
Мәңги желпип турғай жүзлериңизди.

**БАБАШ ИСМАИЛОВтың қулпытасындағы жазыў:**

Минезиң бар еди жипектен майда,
Енди бизге сендей жанажан қайда?
Адамшылық деген уллы сарайда
Қалыс хызмет қылып, турдың да кеттиң.

**Академик ЧАРЖАЎ АБДИРОВтың
естелигине:**

Алымлардың алғыр тарланы едиң,
Баитеректиң бийик нәрўаны едиң.
Жигиттиң бир туўған султаны едиң,
Ел ядында мәңги қалдың да кеттиң.

**ПИРЖАН аға ХАЛМУРАТОВтың
қулпытасындағы жазыў:**

Елге хызмет еттиң ҳарып-талмастан,
Ақыл-зейиниң кескир еди алмастан.
Болмас ислер көп болар бул дүньяда
Азаматлық атың жасар арада.

**ХОЖАНИЯЗ РЕЖЕПОВтың басындағы жазыў:**

Ели сүйген ер жигиттиң бири едиң,
Халыққа қалыс хызмет етип жүр едиң.
Бул дүньядан биймезгил көз жумғаның
Даглап кетти досларыңның жүрегин.



**АШИРБАЙ аға ХАЛИМОВтың
қәбир тасындағы жазыў**

Сиз ёшаган, биз туғилган
Қитай-кипчок элларинда
Номингиз ёд этар мудом
Ватандошлар чиччаринда

Меҳрингиздан камол топган,
Биз фарзандлар миннатдормиз.
Жойингиз жаннатда бўлсин,
Сиз муътабар падаримиз

**Халық шайыры ТӘЖЕТДИН СЕЙТЖАНОВтың
қулпытасындағы жазыў:**

Әдиўли азамат едиң,
Елден ҳүрмет көрип кеттиң.
Жалғаншыны жалпағынан
Иретинде сүрип кеттиң.

Солдат болып жаўға шаптың,
Шайыр болып елге жақтың.
Кәсибиңнен кәмал таптың,
Данқ-абырай алып кеттиң.

Жақсы ул ҳәм қыз қалдырып,
Халық ядында из қалдырып,
Өлмейтуғын сөз қалдырып,
Кимсең Тәжет болып кеттиң.

**МАРҚАБАЙ ЕЛМУРАТОВтың басындағы жазыў:**

Заманыңның хызметине тақ турып,
Зан-законға қылдың көп жыл сақшылық,
Жол ортада дем таўсылса, илаж не?
Ел умытпас исмин сиздей жақсының.

**КАМАЛ РЗАЕВтың естелигиндеги жазыў:**

Айтыулы азамат един белгили,
Ел басқарып, хызмет еттин үлгили
Ертерек кеттиңиз келмес сапарға,
Бирақ халқын сизди яд етер бәрхә

**Аптекши АЛЛАНАЗАРОВ РАЗАДДИЙНниң басындағы жазыў:**

Жақсы адам един туўры сөзлеген,
Инсап, мириўбеттиң жолын гөзлеген
Ҳәсте бенделерге шифа берсем деп,
Инсан дәртлерине дәрман излеген

**ҚОҢЫРАТБАЙ МӘМБЕТНАЗАРОВтың қулпытасындағы жазыў:**

Баитеректиң жасыл жарпағы един,
Ел сүиген жақсының урпағы един
Агаңның әрўагы саган яр болгай,
Исмиң ядымызда мудам бар болгай.

**Актриса АЖАР АҢСАТБАЕВАның басындағы жазыў:**

*күйеўи Нажиматдин Аңсатбаевтың атынан*

Кисиге жоқ еди ҳасла ҳазарың,
Бирге базарладық турмыс базарын,
Енди бизге сендеи жанажан жоқды,
Жаиыңыз жәннетте болғаи Ажарым

**БАХТИЯР АҚНАЗАРОВтың қәбир тасындағы жазыў:**

Қыз минезли, азамат, кең пейилли
Жигит едиң қатарыңнан зейинли,
Сени мудам есте сақлар, Бахтияр,
Досларың ҳәм урпақларың кейинги.



**ТАМАРА ДӘЎЛЕТНАЗАРОВАның қулпытасындағы жазыў:**

*Балаларының тилинен*

Әкемиз барында асау тай едик,
Анамыз барында кеуил жай еди
Енди бизге жоқдур сиздеи мииирман,
Жаиыңыз жәннетте болғаи, анажан

**Нәрестениң қулпытасындағы жазыў:**

*Ата-анасы тилинен*

Гүлдеи перзент берген соң,
Узағына берсекен
Ырасында да бул дүнья
Опасы жоқ нәрсекен



# Ўатан топырағы

*қысса*

Ҳәррелер ушып ҳәм пәруана болар,
Уясы бузылып, палдан айрылса
***Мақтумқулы***

Бул қыссаны қатаған (репрессия) қурбаны болған әзийз пәдарым Юсуп ахунның руўҳына бағыш еттим
***Муаллиф***

«Мәнги жас ҳәм арыў илҳам периси.
Хызметиңниң жоқды ҳасла кемиси.
Елиў жыл шайырға йош берип келдиң,
Не тәўир сөз жазсақ, соның жемиси.

Буркып аққан Кегейлиниң бойында,
Жазда шоқ тораңғыл саяларында,
Тұңғыш рет жолығысқан едик биз,
Сен мени дуўалап кеткенсең сонда.

Сол жаслық танымнан берли еле сен
Шақырсам, жаныма жетип келесең.
Жас жигиттей ашық қылып өмирге,
Сөз маржанын тер деп, илҳам бересең.



Қайда жүрсем, тек сен барсаң есимде,
Сағынаман өңим түўе, түсимде.
Сен болмасаң, мен бир суўсыз булақпан,
Таслап кетпе енди өмирим кешинде»

Деп арзығып күтип шақырсам оны,
Қайдандур еситилди жағымлы үни:
«Шайыр, баралмайман, бүгин Парнаста*
Талия** курдастың туўылған күни.

Неге шақырғаның мен ушын аян:
Өзиңди ҳәм мени қыйнамақшысаң.
Ўатан айралығы жүдеткен жанның,
Азабын шегиўге айдамақшысаң.

Адам деген жанзатлары қуданың,
Бири-бирин азаплайды мудамы.
Ҳәр ким өз елинде, теңи-тусында
Болармекен татыў жасар заманы?»

«Ўа, алтын қанатлы дилбар периштем,
Адамзат жоқ оң бахытқа ерискен
Жақсы адамлардың әрманы да сол,
Жаман көзлер де көп, шыққан герискен.

Ўатан айралығы азабын шеккен
Инсан дәртин жырлап, тапсақ итибар,—
Сен де, биз де бүгин ҳәм келешекте
Иншалла қустаны болмаспыз, дилбар!»

---

* ***Парнас***—музалар (яғный шайырлықтың, көркем өнердиң илҳам перилери) жасайтуғын әпсанаўий таў

** ***Талия***—комедия музасы (грек мифологиясынан).

## БИРИНШИ БӨЛИМ

### 1

Бәҳәр паслы көк шалғышы желбиреп,
Ҳәр қәдемин жасыл түске белгилеп,
Гүлге қаўыштырып ғошшақ бүлбилди,
Жазга айтты «гезек саған енди» деп.

Бәҳәр сөйтип, «дем алысқа» жөнеди,
Гүл төгилген жерден жемис өнеди,
Ҳаўа ашық, ғыр әтирап кеўилли,
Тәңиримниң бир ғәнийметли күни еди.

Қара феска-түрки қалпақ басында,
Қыраў шалған қырма сақал, шашын да,
Зиялыша кийинген бир мойсапид,
Самолеттен түсти көп арасында.

Киятырган екен ол Түркиядан,
Самолетта бирге танысқан адам:
«Үйге жүриң, мийман болын» десе де,
«Тәшәккур» айтыпты күлимлеп оған.

Ол гезде бул үлке журтқа таң еди,
Шет елликлер ушын қадаған еди.
«Дослық!» деп қышқырып бәлент минберден,
Ҳаслы жатырқаўық бир заман еди.

Ақыл-зейин буны алыстан шолды,
Кеўил мириўбетли сезимге толды.
Мәскеўден бир ушкан жолдасы сөйтип,
Оның барар жерин силтеген болды.

### 2

«Бисмилла!» деп, түсти мийман траптан,
Бата алмадык «кимсен» деўге қонақтан.



Ҳеш ким оны бунда күтип алған жоқ,
Бизди излеп келдин бе деп узактан.

Қандайда бир сезимнен ол мәс еди,
Бәлент дүнья енди оган пәс еди.
Тирилей киргендей бейиш бағына,
Сонындай жағымлы самал еседи.

Аэропорттан шығып, бурылды бағқа,
Қатара қара тал ырғалған жаққа.
Таза жерге жайнамазын жайды да,
Песин оқыў ушын жүгинди сақка.

Намаз изинен ол тиледи тилек,
«Пәрўардигар, өзиң жарлықайгөр» деп.
«Ата мәканыма тийди табаным,
Анам жатқан жерди таўап етсем» деп.

Жылап-жылап, зорға есин жыйды ол,
Әллен ўақта көздиң жасын тыйды ол.
Жайнамазын жыйнап алып мүсәпир,
Көк шөп өскен қара жерди сүйди ол.

Жерди сүйип, кеўли тоқ болып шықты,
Жүрек дәрти жанған шоқ болып шықты.
Есин жыйып, қапталына қараса,
Зат қалта ҳәм костюм жоқ болып шықты.

Әтирапында көрмеген соң ҳеш кимди,
Ол еркинсип костюмин де шешкенди.
Қойган еди зат қалтаның үстине,
Бәри жоқ. Жолаўшы байгус сескенди.

Қапа болып, албыраклап турганда,
Үш милийса жетип келди булманга.
Қолга кисен салып, сөзге келтирмей,
Жабық машинаға мингизди сонда...

### 3

Айнага тор туткан тар кабинетте,
Отырды мүсәпир бүрисип шетте.
Сигаретин буркыратып тергеўши,
Сәлемин де дурыслап алмады хәтте.

—Қәне, мийман, өжетлеспең енди сиз,
Айтын шынын, не мақсетте келдиңиз?
Бир хәптеден берли өтирик сөйлеп,
Бизге түрк тилинен «сабақ бердиңиз».

Ким жиберди, қандай тапсырық пенен?
Айтпай кутыламан демеңиз бизден.
Бүйтип бир-биреўди қыйнамайық та,
Шынлыкка көшейик жалғаншы сөзден.

Биз бәрин билемиз айтпасаңыз да.
Қыйнаўларда ести жойтпасаңыз да.
Дурысын айтсаң, совет пукаралығын
Беремиз, елиңе қайтпасаңыз да.

Ол айтқан аўылың болган шынында,
«Партсъезд» колхозы хәзир олманда.
Айткан ахунын да болыпты, бирак,
«Мехмет» деген бала болмаган онда.

Мейли, сиз ол жерде туўылған болың,
Кегейли жапка да шомылған болың.
Танымайды хеш ким ол жерде сизди,
Шала үйреткен бизди алдаўдың жолын.

Мойныңызда асып жүрген тумардан,
Бир әрепше хат табылды шубалған.
Биз оны оқытып көрдик алымға,
Онда түрки тилде былай жазылған:



«Сенин дәрдиң баңа дәрмандин артык,
Саңа кул болғаным султандин артык.
Менин бу дардимни хеш кимсе билмес,
Агәр билсе, хәким Луқмандин артық»...

Алым дер: «Коныратта пир өткен» деиди,
«Қаракалпакты динге үйреткен» дейди.
«Хәким ата Сулайман дер лақабын,
Бул хикметти сол пир дөреткен» дейди.

Алым дегенлер де ақылдан азган,
Никакой пир емес бул сөзди жазған.
«Саған кул болғаным султаннан артық»
Деп ант алып, тирилей гөриңди казган.

«Анамның тумары» дейсең сен буны
Неше доллар болды бул хаттын куны?
«Әкем өлеринде маған берди» деп,
Жүдә әширепилеп турыпсаң оны.

Қагазы да тозып, илбирел қалған,
Изги жағы өшип, болары болған.
«Бар хүжжетим кетти костюмим менен»
Деп бул елге жала жаўып та турсаң...

### 4

Кел оқыўшым, инсап бергей илайым,
Қаңтарган сазымды қолға алайын.
Суў—сағасыз, тон—жағасыз болмасын,
Ўақыяны бастан баян қылайын·

Түпкирдеги қарақалпақ елинде,
Қусхана таўының етеклеринде,
Аўыл болған еди «Қырқ садақ» деген,
Атлары өзгерип кеткен бул күнде.

Сол аўылда болды Апсамед ахун,
Мешити бар еди үйине жақын.

Орта халлы киси еди инсаплы,
«Улыс уламасыз болмас» дер нақыл.

Отызыншы жыллар келди дауыллы,
Мириўбеттиң мерекеси сауылды.
«Бай—қулак» деп бардамлырақ үйлерди,
Астан-кестен қылды кала-ауылды.

Бийсәўбет бузылып талай иргелер,
Жат-жамайға толды ардом*-түрмелер.
Шаш ал десең, бас алғандай белсенди,
Қамшы былғап, ат үстинде шерменер.

Карсылассаң, қатты сөзге барылды,
Пахта план, дөхмет салық салынды.
Ахун да илинип қара дизимге,
Мал-мүлки хатланып, тартып алынды.

Исиң қайтса болмас дүнья паяны,
Былтыр гүзде өлген еди хаялы.
Еки қыз ертеде турмысқа шыққан,
Бир қыз, бир баласы қолда қалады.

Ертең—бир күн қамаларын билди ол,
Тәңирге тәўекел етип енди ол,
Уясы бузылган кустай елезип,
Ойлап-ойлап бир карарға келди ол:

Тоғыз жасар Азимасын сүйди де,
Жөнелтти де үлкен қыздың үйине,
Қупия хошласып ағайин менен,
Улын ертип кашты әжам** елине.

---

* *Ардом* (дом арестантов)—отызыншы жыллары тьюрманы бизиң халқымызда усылай атаған.

** *Әжам*—араб емес мусылман еллери (Араблар Иранды
солаи атаған)



## 5

«Тәғдирде не жазса, көрер бендеси,
Дәрбедарлык—ўатансыздың күндеси.
Хорасанға өтти түркмен ишинен,
Ҳажға нийет еткен қашақлар көши.

Түркменлерде бар әжайып әдалат:
«Уламаны сыйлаң атаңнан зыят,
Мешит паналаған елге тиймең» деп,
Ашық Айдын пирлер қылған ўәсият.

Ала-ғауырт аўдарыспақ заманда,
Ҳазар бермей пана излеген адамға,
Жасырын жол менен түнде бизлерди,
Өткизип жиберди Мешҳед таманға.

Ығбал аты биздей сүринип таска,
Елинен аиырылған маңнаиы қасқа,
Гаўҳаршанд мешитин паналап жатқан,
Қашақлар көп екен бизден де басқа.

Сөз шықты ҳаж жолы жабылған дести,
Жолда оба кесел табылган дести.
Шегарадан бизден бурын өткенлер,
Бәри Туркияга ағылған дести.

Мен ол гезде сегиз жасымда едим,
Ойын менен оқыў басымда еди
Жездем соғып берген кишкене дуўтар,
Бул сапар да мениң қасымда еди.

Рахметлик әкем болса да ахун,
Адам еди саз хәм сәўбетке жақын
Хийўада медиресе питирген менен,
Дүнья қызыгынан жибермес ҳақын.

Көп жерлерде гезген атлы, пияда,
Көп несибин шашкан қызыл-кыяға.

Хийўалы байлардың кәрўанын тартып,
Болған Орынборда, Макарияда.

Шымбайдан, Маңғыттан, Гүрленнен келген
Онлаған жан едик кәрўанға ерген.
«Шатлы» деген жерде таў кыснагында
Кәрўанды урылар талады бирден.

Кәрўан корыкшысы бес-алты атлы,
Атыспа, шабыспа урыс болды қатты.
Баспашылар басым келип соңында,
Қол жеткенин талап, қарасы батты.

Максым жигит болды бизиң топарда,
Мәптун болып сүйип алған тоқалға,
Көзи қыимаи елге таслап кетиуге,
Алып шыққан бул қәуипли сапарға.

Қайсы аўыл, қандай руў еди ол?
Көздиң жаўын алған сулыў еди ол.
Маған қыз апамдай мийирман еди,
Атың ким дегенге, «Арыў» деди ол.

Баспашылар оны алды да кетти,
Сынсытып атына салды ла кетти.
Қарсыласқан максым канлы кылыштан,
Қан жутып, әрманда өлди де кетти.

Хеш нәрсе қалмады бизде көликтен,
Жуда болдық кийим, азық-түликтен.
Өз жолына кетти таланған кәрўан,
Жүре бердик қайыр сорап түриктен.

Тәғдир жазса, адам қәйтип көнбесин,
Хақ жаратқан өлтирсин бе бендесин.
Ахун енди тутып тарихат жолын,
Хаса услап, кийди дәрўиш жендесин.



Ғәззеллер тоқылып жүрек шеринен,
Тыңлағанның кеўли мумдай ериген.
Гейде Бахаўаддин, Машраб болып,
Окыр пир Хожа Ахмед хикметлеринен.

Мен жүриппен қасында қол усласып,
Кишкене дуўтарды ийниме асып.
Ел аралап, ақшам дәрўишханада
Әке жатар улын баўырына басып.

Аякты тас қағып, тикенлер кирди,
Талай ийтлер талап, талайы үрди.
Базда қонған жерде, мешит ығында,
Ахун бәрха мени оқытып жүрди.

Бизиң сорымызға быйыл бул жерде,
Ашлық екен, суў болмаған бәхәрде.
«Жети есикте бети ашылар дийўана»,
Деген сөз жүрекке бергендей зерде.

Топарласып жүрген сыймас тар жерде,
Хәр ким шөплер напақасы бар жерде.
Кими өтын шаўып, кими мал бағып,
Бирге келген дослар қалды хәр жерде.

Қыстан еплеп шығып, жетип бәхәрге,
Аўылдан-аўылға, оннан шәхәрге,
Ҳақлап жүрип келип қалған екенбиз,
«Ғәрип ашық»дағы Диярбәкирге...

## 6

Диярбәкир базарының аўзында,
Ахун ғәззел айтып турған ўағында,
Еки дәрўиш келип топылды оған,
«Өлесең, екинши көринсең бунда.

Шеттен қаңғып келген қарымсақпысаң,
Бизди нанымыздан айырмақпысаң.
Кет тез бул диярдан жаның барында,
Балаңнан айырылып, жыламақпысаң!»...

Бул сөзден ахунның тиксинди жаны,
Байғус менсиз бул ялғаншы дүньяны.
Ҳасла таассурат ете алмас еди,
Кеттик, бул жердиң де буйырмай наны.

Кеттик таслап қараң қалғыр қаласын,
Таласа аўылдың ийти таласын.
Аўыл аш болса да бас пана берер,
Дәрўиштен де бетер аяр баласын.

Бирақ жамғыр қуйды, ҳасла тынбады,
Елге араласыў мүмкин болмады.
Аўыл алыс, тынар емес сел жамғыр,
Әўлийени паналадық жолдағы.

Гүмбези унырағaн махбара—мазар,
Ортасында ойылған бир кәбир бар.
Нөсер жамғыр тықты бизди сол жерге,
Тири бенде өлмес илажын қылар.

Ахун намаз оқып, бир дууа қылды,
Кимнендур кеширим сораған болды.
Дүмшесин толтырып жамғыр сууынан,
Шақмақ тасын шағып, еплеп шай қойды.

—Қорқсаң тириден қорқ, қорқпа өлиден,
Марҳум байғус турмас жатқан жеринен.—
Деп ахун сүйеўли табытты алып,
Мазардың аўзына қойды тигинен.

—Әне, улым, бир пәкизе жай болды,
Нанды жеп ал, пай, қанындай шай болды.



Қәбиристанда түнеп пайғамбарымыз,
Қараңғы үңгирде неше ай болды.

Қапырық ыссыларда, нөсер жаўында,
Жабайы жазийра Хира таўында,
«Қәдир түнде» Жабраил перишите
Пайғамбарымызға келипти сонда.

Ҳәм алла буйрығын оқытқан оған,
Кеўли нурлап мағрифеттиң нурынан.
«Расулиллаҳ—Пәрўардигар елшиси»,
Болғанын хабарлап кетипти оған...

Илаҳий сөз тыңлап, шүкирлик еттим,
Бәлким бул «Қәдир түн» шығар деп күттим.
Қызық гүрриң тыңлап, қорққанды қойып,
Мазар мүйешинде буйығып кеттим.

Биреў келди сонда узын бармақлы,
Ертектеги албаслы, жин сияқлы.
Адам дейин десем, ҳайўан тумсықлы,
Ҳайўан дейин десем, еки аяқлы.

«Гөрбар деп қойылған мениң атағым,
Усы қәбиристан—үйим, ўатаным.
Жүрген едим өли еттен қайт болып,
Сени жеймен, сеннен кейин атаны...»

«Апа!» деп қышқырдым жан айбат пенен,
Мақлуққа бир таяқ тийди пәт пенен.
Тура қашты гөрбар—бәдбәшер мақлуқ,
Анамды танЫдым ақ липас кийген.

«Ҳәй, ахун, сиз таўып бунша ыланды,
Не жаздыңыз қорлағандай баланды?..
«Қорықпа, улым» деген сөзи анамның,
Тәсир етти, бала жаным жубанды.

Ақ кийими жерге сүйрелген анам,
Көзден ғайып болды, көринбей маған.

Мен «апалап» бақырғанда, ағам да
«Хә, хә» деп оянған еди уйқыдан.

Пышық қуўған найша жиби шубалар,
Ахун байғус ақыл тапбай тубалар.
Сыртта жамғыр тынған. Тиришилик таңы
Махбараның жарығынан сығалар...

Сөйтип, «қонақ болдық» қәбирстанда,
Күн жарқырап турды ашық аспанда.
Ешекли бир киси тоқтатты бизди,
Елди бетлеп кетип баратырғанда.

Аитты: «Бир мусылман өтти дүньядан,
Жоқдур жаназасын оқырға имам».
«Буйыр, биз оқырмыз» деди де ахун,
Кете бердик дәрҳал ерисип оған.

Бенделикти бәржай қылған мүсәпир,
Үйинде хәйле жоқ, жарлы екен бир.
Улы қарызланып бир ешки сойған,
Кепинлик зат та жоқ, не илаж пақыр.

Ахун өз пулына шыт әкелдирди,
Суўға да ендирди хәм «кийиндирди».
Жаназасын оқып, қутлы жайына
Қондырып, марҳумды жерлеп те берди.

Ол үйдиң бар екен еки ешеги,
Улы менен өлген ғарры кешеги
Сатар екен отын тасып тоғайдан,
Соннан аўқат етип, күни кешеди.

Ахун аға бул аўҳалды пәмледи,
Белге арқан буўып, күшин жәмледи.
Үй ийеси—жигит пенен екеўи
Отын тасып сатып, исти жөнледи.



Ол үйдиң де жас баласы бар мендей,
Екеўмиз аўылды аралап бирдей,
Мен қосық айтаман дуўтарға қосып,
Хәм тамақ табамыз, бос қарап жүрмей.

Ўатансыз дәрбедәр нелер көрмеген.
Ис питпес уўайым, қайғы—шер менен.
Хәпте сайын ахун мешитке барып,
Жума намаз оқыр ғаррылар менен.

Бунда адамлар үйренисти ахунға,
Мектеп молла өлген екен жақында,
Бир күни ғаррылар бизиң ағамды
Имам тайынлады мешит қаўымға.

Тилин де үйрендик, дәстүрин туттық,
Мағнәўият сақлап, сынақтан өттик.
Ахун енди «Қалпақ молла» атанып,
Кем-кем ел ишине енисип кеттик.»

## ЕКИНШИ БӨЛИМ

### 1

Бәҳәр келип, Дажла дәрьясы тасты,
Жер көклеп, ел көклеп, суўсызлық қашты.
Ашлар аўзы тийип қаўын-қамекке,
Өмир жиби тиришиликке ушласты.

Байлық хәм абырайды теңбе-тең берген,
Сақаўатлы, етек-жеңи кең келген,
Нурылла бей* деген киси бар екен,
Исбилерменликтиң сырын меңгерген.

*Бей—түркше «бек, бий, абырайлы киси» дегени. Қыссада биз оны «бий» деп қолландық.

Тоқыў фабрикасы ислер шаҳәрде,
Пахта, салы егер екен бәҳәрде.
Пада-пада жипек жүнли қой-жанлық,
Таўда жайылып жүр отлақлы жерде.

Стамбулда медресе питирген,
Ис үйренип Париж, Лондонды көрген...
Қулласы сол киси «Қалпақ молланы»
Фаэтонын жиберип, алдырды бирден.

Бағ ишинде, жағасында дәрьяның,
Жазғы көшкисинде күтип мийманын,
Танысты, сорасты ашық жүз бенен,
Тәғдир айдап қайдан келип қалғанын.

Салқын сая бийик шынар ағашы,
Рәңбәрең гүл өскен дәрья жағасы,
Сәўбет қурар екен дослары менен,
Еситилер алыстан саз намасы.

Үй ийеси хош тақаллум, ақыллы,
Жүзи ысық, сөзи шийрин, нақыллы.
«Түркстаннан келген қардаш қонақ» деп,
Досларына таныстырды ахунды.

Суў бойында жазғы кештиң ләззети,
Қыябанлы гүл қаплаған жер бети.
Хантахталы кең дастурқан ортада
Шайқалар қолларда жүзим шербети...

Татлы тағам, наз-нағметлер тасылды,
Қонақлардың кеўли гүлдей ашылды.
Ашығ*—бақсы қулақ қуршын қандырып,
Гүррингe өтерде сазлар басылды.

*Түрклерде бақсыны «ашығ» дейди.



Үй ийеси айтты:—Сәмед әфәнди!
Қысынбай, жазылысып отырың енди.
Түркстан—баба журт түрк әлемине,
Атам марҳум көрген Бухар, Ташкенди.

Көрмесек те хабардармыз бәринен,
Сиз келгенсиз Ҳәким ата елинен.
Ядға биледи деп еситип жүрмиз.
Оқың пир Хожахмед ҳикметлеринен. —

Деди үй ийеси таза қонаққа,
—«Буйырың!» деп, ахун жүгинди саққа.
Жәмленген соң жәмәәттиң дыққаты,
Муңлы хирәәтке салды бир уақта.

Тәғдир бунша алысқа асырған еди,
Дуз-несип қайларға шашылған еди.
Дәрўиш болып ел аралап еки жыл,
Бети ҳәм ҳаўазы ашылған еди.

Қыссахан даўыслы жанға жағымлы,
Илҳам булағындай дәрти ағылды.
Қорлық жасын сақалына тамызбай,
Қараң қалған ели-журтын сағынды...

Жаралы қәлбинде дәртлер оянды,
Ҳикметли сөз кеўиллерден жай алды.
«Мүсәпир афәндим, сағ ол, даҳа!»* деп,
Түрклер қулақ түрип, жағын таянды.

Нурулла бий айтты:—Мүсәпир мийман!
Не жаман дүньяда—айралық жаман.
Сүйген бендесине дәрт берер дейди.
Елиңе қаўышып, болғайсыз аман.

*Ҳүрметли қонағымыз, саў бол, және айта бериң *(түркше)*.

Сиз бунда келгели еки жыл өтти,
«Қалпақ молла» сөзи таралып кетти.
Сизиң билиминиз, мағрифетиңиз
Қайыл қылса керек бул жәмәәтти.

Бендеге жазбасын көргениңизди,
Қәбирстанда түнеп жүргениңизди.
Ҳақлап тапқан пулыңызға шыт алып,
Бир марҳумды жерлеп бергениңизди.

Тәғдир айдап қайдан келгенлериңиз,
Түрк тилин муфассал* билгенлериңиз,
Билим, ийман, инсап, хаклығың менен
Бунда исенимге киргенлериңиз.

Бәри мәлим бизге, журт айтқанынан,
Қәлбинизге тәңирим өз нурын қуйған.
Сиз гөззал инсансыз сыйға ылайық,
Ғайры журттан келген мүсәпир мийман.

Бизге жазған хатыңызды алғанбыз,
Бул дослардың талқысына салғанбыз.
Ўатан гәда болып келген қардаш деп,
Ғамхорлық исласын ойлап қойғанбыз.

Анаў ақ сөкиттиң астында турған,
Кишкене жай сизге атап қойылған.
Улыңыз екеўиң жасай бересиз,
Кийим-кеншек, аўқат—бизден дур мудам.

Мақулласты барлық отырған мийман,
Дуўа қылып айтты кем-кеўил инсан:
—Биз жетимге қылған сахаўатыңыз,
Ығбал, дәўлет болып қайтсын алладан...

* *Муфассал*—жетик, қалыўсыз.



**2**

Қула майдан шөлде ағар бир булақ,
Жер қатламын тереңликтен бурғылап.
Жаны қалар жолы түскен жолаўшы,
Түспегенлер тиришиликке қурғылақ.

Тап сондай инсаный мириўбет деген,
Сақыйлық ҳәм мийрим-шәпәәт пенен
Қайнар ол қайырлы инсан қәлбинде,
Саўабына хеш бир нәрсе жетпеген.

Сахаўат дер оның және бир атын,
Олсыз жасай билмес адамыйзатың.
Кеўлиң таза, пейлиң дүзиў жан болсаң,
Ол хеш жатырқамас жақынын-жатын...

Жазғы таң, тәбият гүллеп, оянған,
Ақ тал шақасында илинип турған
Қурқылтай уясын қарап турғанда,
Усы ойлар кешти ахун ойынан.

Үйи еске түсти қайларда қалған,
Шығыр тал шақасын ҳәўизге малған.
Ол жерде де ақ сөкит тал бар еди.
Усындай қурқылтай уясын салған.

Еске түсти қызлары ҳәм аўылы,
Ағайин-туўғаны, мешит кәўими.
«Баламды телмиртпе өгей өмирге»,
Деп кеткен әрманлы ана қәбири.

Бәри көз алдына келди сүўреттей,
Өзин тутты, кеўли әсиге кетпей.
Ишке кирип, таң намазын оқыды,
Уйықлаған улына хеш мәлел етпей.

Еки жылдай болды: бундай иззетти,
Түсинде де көрмей өмирлер өтти.
Минтаздай өжире, таза төселген,
Тәңририге ол тагы шүкирлик етти.

***

Перзентлер баршылық Нурулла байда,
Бәрин бирден таныл-билисиў қайда.
Тоғыз жасар Исмет—кишкене улы,
Хош кеўил, тәрбият көрген қалайда.

«Мамыт» емес «Мехмет» дейтуғын болды,
Жатыркап хеш үнлемейтуғын болды
Бала менен бала шүйиркелесип,
Аўқатты да бирге жейтуғын болды.

Дуўтар түркте де бар, «саз» дейди олар,
Мехмет саз шерткенде сүйсинип тынлар.
«Түрки», «шарҳи»* қосықларын атқарып,
Арасында «Адыңнан»да айтылар.

Бийдиң бир хаялы француз екен,
Жанна быжық соннан туўган қыз екен.
Алты жасар, хаўайы көз, қоңыр шаш,
Қоспақ заты көркем, бир жулдыз екен.

Анасы хәр күни пианинодан,
Саз үйретип, сабақ береди оған.
Мехмет дуўтар шертсе, жуўырып келер,
Дүнья жаралғандай тек музыкадан...

Бий базда шақырып ахунды бағқа,
Бир-бирин хүрметлеп, жүгинер саққа.
Гәп хәзирги Түркстаннан айланып,
Базда соғып өтер қарақалпаққа...

---

* *Түрки», шарҳи* —түрк халық қосықларының түрлери



—Инсан халқын сүймес бул абадият,*
Түрли жолға салар түрли сиясат.
Даўыл менен арпалысқан кемедей,
Дүнья ҳәзир астан-кестен арасат.

Заман турқын серлеп билген гезлериң,
Түске енбегенди көрер көзлериң.
Қудайсызлар Түркстанды ийелеп,
Енди олар қудай сезер өзлерин.

Жаўратпаң, әфандим, ақыл-сананды.
Өмир базда жақты, базда қараңгы.
Сабырлы қул жетер дейди муратқа,
Ким дәрт берсе, емлер өзи жараңды...

Сизге бир кеңесим, Самед муаллим:
Ҳәзир мектеплерде латынша тәлим.
Ескише хәм саўат ашсын балалар,
Сизге мағрифаттың сырлары мәлим ..

Бул сөз илхам болып, бийлеп кеўилди,
Ушырғандай кәпестеги бүлбилди.
Исмет пенен өз баласы Мамытты,
Күниге бир мезгил оқытып жүрди

Жаңа мектепке де қатнады баллар,
Француз тилин де ядлады баллар.
Екеўи де оқып ағла бахада,
Синфден синфге атлады баллар...

## 3

Кел сен шайырлықтың илхам периси!
Билинип тур сенсиз йоштың кемиси
Сенсиз жол танабын қуўыра алмас,
Хеш бир жүйрик кәлемлердиң желиси.

---

**Абадият*—мәңгилик

Қайдан болсын йош-илҳамлы шайырлық,
Үш жыл бурын ўатанынан айырылып,
Дәрбадар болған бир мүсәпир заттың
Тәрийпинен кете алмадым қайырылып.

Қырқ күн қарангының қырқ бири жақты,
Булыт артынан үмит қуяшы бақты.
Ғәрип мискин қаҳарманы қыссамның
Жат мәнзилде мийрим-шәпәәт тапты.

Ғам қайғыдан тапты аз-кем тыныспа.
Келши, илҳам перим, сен усы туста.
Назлы жилўа менен бир кәса шарап,
Бир мәдет берип кет шайыр байғуска!

Ахун сезер еди Нурулла бийдиң
Ҳикмет сөз мүлкине ықласын. дийдин.
Нелер ойламады дейсең мүсәпир,
Дузын ақлаў ушын бул сақый үйдин.

Шергазыхан медиресеси Хийўада
Мақтумқулы, Зийўар* оқыған онда.
Бәрҳа таўап етип олардың изин,
Бес жыл тәлим көрген ол жерде бул да.

Талыб илим, жаслық күнлери еди,
Китап көшириў сүйген хөнери еди.
Ахли-даныш** хикметлерин яд билген,
Өзи ҳуснихаттың*** шебери еди.

Сол хөнерин сынап көрмекши болды,
Ақ қағазға маржан термекши болды,
Қуда берген бул қайырқом инсанға
Бир китап көширип бермекши болды.

* ***Зийўар***—Әжинияз шайырдың лақабы.
* ***Аҳли даниш***—дана адамлар.
* ***Ҳуснихат***—сулыўлап жазыў, каллиграфия.



Бендесине ҳақ нәзерин салғанын,
Жақсылықтан жаны илҳам алғанын,
Қыздың нағысындай насталик* хаттан
Қанша айда қанша дәптер толғанын,—

Баянлап отырсақ, қосыққа сыймас,
Бирақ та мазмунын айтпасақ болмас:
Хожа Аҳмед пир менен Хәким атаның,
Даңқлы хикметлери берилген саррас.

Тыңлағанның жүрек-баўыры ериген,
Наўайы, Физуўлы ғәззеллеринен;
Дар астында ялғаншыға түкирген,
Шайы Машребтиң бәйитлеринен.

Сөз қалған дейсең бе Мақтумқулыдан,
Заман пәсендлигин түстей жорыған.
Ўатан сағынышынан көзге жас алып,
Жазды Әжинияздың қосықларынан.

Топлам мухабасын жипектен тыслап,
Түрли сыя менен ғайрынағыслап,
«Девани** Түркстан» деген ат қойып,
Жүрек сөзин жазды бийге бағышлап:

«Инамым қабыл ет, әзийз бирадар,
Ҳикмет базарында саўда әйледим.
Түркий ғәзийнеден бир ууыс гәўҳар
Несиб етип, сизге саўға әйледим.

Мириўбет мүлкидур кеўил сарайын,
Сол сарайға жаным қурбан қылайын.
Еки дүньяңызды бергей илайым,
Деп, намаз изинен дуўа әйледим.

* ***Насталик***—ҳуснихаттың түри.
* ***Деван*** (дийўан)—топлам.

Жердиң түби янлы узақ арамыз,
Лекин түби бирдур ата-бабамыз,
Бунда жасар бизин үлкен ағамыз,
Әййемги тарийхты гүўа әйледим.

Сизге ядыгарлық усы китабым,
Исмим Самед, «Қалпақ молла» лақабым...»

3

Изин жазып үлгермеди қосықтың,
Ашшы шаўқым ербеңлетти қулағын.

«Бул не шаўқым екен, шығып қарайын,
Хызметкерден жөн-жосағын сорайын»,—
Деп, жайдан ол сыртқа шығып қараса,
Жанып атыр бийдиң жазғы сарайы.

«Әстапуралла!» деп жуўырды ахун,
Лаўлаған өрт-жалын жолатпас жақын.
Ҳаял, бала-шаға жуўырысып жүрген,
Жанды түршиктирер жыласқан шаўқым.

Бий қалаға кеткен, баллар мектепте,
Багман хәм хызметкер суў тасыр текте.
Ағаштан қурылған жазғы сарай бул.
Жалын лаўлап, түтин бурқырар көкте.

От бәлеси деген, аяў жоқ онда,
Уясы өртенген қустай ал сонда,
Үстиңги қабатта уйықлап атырған,
Жанна қыз жуўырып шықты балконға.

Шырлаған даўысы жегендей жанды,
Төменле анасы есинен танды
Минди жанып атқан басқышқа ахун,
Суўлап алып үстиндеги шапанды.



Суў шапанын шешип, қызды орады,
Жалын гүўлеп, көзге түтин урады.
Отлы басқалдақтан түсип киятыр,
Тирилей дозақта жанып барады.

Қалпақ қашшан жанып кеткен бастағы,
Бет-аўызы күйген, көз хәм қасдағы.
Жаўырнында жанып келер ак көйлек,
Өзи күйди, қыздың жүзин ашпады.

Қутқарды ол сөйтип бул үйдиң қызын,
Жуўырып, хәўизге таслады өзин...
Адам жаны қанша азапқа төзер?
Қәлем жүрмей атыр жазбаға изин...

Кел оқыўшым, бир саўап ис қылайық:
Диярбакир шәҳәрине барайық.
Тирилей дозаққа түскен ғәриптиң,
Ўақтың болса, барып кеўлин сорайық...

4

Бий дәрҳал апарып оны қалаға,
Тез жатқызған еди емлеўханаға.
Ийегинде тек шықпаған жаны бар,
Бий хәм Мехмет отыр усы кәрада.

Айтты:—«Мәрҳаматлы әзиз афанди,
Дийдар несип еткей мәхшарде енди.
Сизден уллы үмит-илтимасым бар»,—
Деп ишине тартты бир суўық демди.

—«Жаслай атасының азаплы жолын
Бирге жүрип келген жигербент улым,
Әўел алла, қала берди мен сизге—
Тапсырып, жылайман,—ғамхорлық қылың.

Биз отырған жайда текшеде турған,
Қутыда топырақ бар түйип қойылған.
Ол топырақ, улым, сенин ананның,
Есинде ме, кəбиринен алынған?...

Сол топырақты шаш үстиме көмерде.
Ҳəм ананның тумары бар ол жерде...»
Улын манлайынан бир сүйген болды,
Тили гүрмелмеди баска сөзлерге.

Ертенине бий бир малды сояды,
Мүсəпирди қутлы жайға қояды.
Жас топыраққа тамып көзинин жасы,
Жетим перзент өксип-өксип жылады.

Бий баласы Исмет келип қасына,
Ҳəр ким қатарына жаны ашыған,
«Болды енди... Жүр Меҳмет» деп, қолтықлап,
Алып кетти оны қəбир басынан.

## ҮШИНШИ БӨЛИМ

### 1

Жыл артынан жыллар болды раўан,
Жазғанымда косық емес, роман,
Бул əжайып адамлардың тəғдирин,
Айтар едим асықпай деп тураман.

Жазар едим азамат бий ағанын
Жетимди басынан сыйпағанларын.
Өз баласы менен қосып екеўин,
Измирге жиберип оқытқанларын.

Жазар едим еки татыў·инилерим,
Эгей университетин питиргенлерин.



Исмет-финансшы, Меҳмет—инженер,
Ғошшақ жигит болып жетилгенлерин.

«Жазар едим» дей бергенше, жазайын,
Бир ўақыя сəдир болған жаз айын·
Оқыўдан келген соң Исмет үйленди,
Той əнжамын көрген, қалынлық тайын.

Арзурумда бийдиң дайысы болды,
Сүт завод ийеси, бай киси болды.
Жаслай атастырып қойған Исметке,
Арпа ишинде бийдай—ай қызы болды.

Пəкизе қыз еди ҳайран қалғандай,
Меҳмет досты ушын қуўанлы сончай
Балалықта ойнап өскен Шымбайдын
Қызларын негедур еске салғандай.

Биреўге усатқан шамасы екен,
Шама емес, бəлким расы екен:
Баспашылар алып кеткен баяғы,
Арыў апа қыздың анасы екен.

Бир салдамлы ана болған кəйўаны,
Ҳасыл липас кийген, көшки-айўаны.
(Соң қызының үйине бир келгенде,
Меҳмет сорап билген қалай болғанын:

Баспашыға дəркар ақшалы пайда,
Сатып кеткен екен Арыўды байға.
Бай оны үш қатын үстине алған,
Жүдə кеўли кетсе керек апайға...)

Арыў танымады, таныды Меҳмет,
Сыр берип, жүзине бақпады тиклеп.
Бай Арыўдан еки ул, бир қыз көрген,
Сол ушын апайға көрсетер ҳүрмет.

Еки күн узатыў тойы тойланды,
Жақсы тилек тилеп халық жыйналды.
Бийдин «Мерседес»ин гүл менен безеп,
Келин көши узақ жолға шайланды.

Ендиги үлкен той Диярбакирде,
Шахсанем қыз көшки қурған шәхәрде.
Жарасықлы жаслық дәўран мегзес ол,
Гүл хәм бүлбил тил табысқан бәхәрге...

2

«Мерседес» изинен жүрген машында,
Мехмет отыр еки қыздың қасында.
Бири—Жанна, хаўайы көз, ғаз мойын,
Көш иркилди Ақбулақтын басында.

Атлы, машиналы бәри жыйналды,
Булақтың басында түсленип алды.
Жанна журтқа билдирместен Мехметтиң
Кисесине бир бүклеўли хат салды.

Жанна, Жанна! Сүйер Мехмет жанындай,
Бирақ оның ышқы атпаған таңдай.
Туўысқандай болып кеткен бул қызға
Сөз айтыўға бата алмасты хеш қандай.

Жанна дегенинше сулыў жан еди,
Ашық болғанлардың баўыры қан еди.
Мехметлер Измирде оқып жүргенде,
Антакия бетке узатқан еди.

Түскен жери бир бардамлы жер екен,
Атасы атақлы алым дер екен.
Күйеўи көбинше дүздиң адамы,
Таўда кән актарған инженер екен.



Несип узақ болмай жаңа уяда,
Ери өлип таўда аварияда.
Бир қыз бенен қалып, жылын өткизип,
Үйге қайтып келген Антакиядан...

3

Қайсы елде болсын, инсан дүньясы,
Келин түскен тойдур—тойдын агласы.
Шәхәрдеги кең сарайлы бағында,
Бий аға той берди, журты шағласып.

Анда қызықшылар, бунда дәрўазы,
Лолылар ойыны, шылдырма сазы.
Қыз-жигитлер шалқып, жаңлар түн бойы,
Ашығ-бақсылардың йошлы хаўазы.*

Жигитлер Мехметти ортаға алды,
Қолына саз берип, айтысқа салды.
«Саг ол, бизиң Қалпақ молланың улы»
Деп гаррылар хошлап, қуўанып қалды.

Узын бойлы, ер геўдели, суңқардай,
Қыздың көзи менен бақса, иңкардай.
Га Юнус Амире*, га Асли Керам,**
Түркти тебирендирип аткарды сондай.

Енди ол қолына сазын көтерип,
Күйеў хәм келиннин алдына келип,
Сазы—«Муўса сен яр», сөзи түркше,
Бир қосық айтты бар ықласын берип:

«Жаслық хәм мухаббат мегзер гүлшанға,
Шәмен байлап, гүлин терген ўағында
Хақ нәзерин салар өзи инсанга,
Периште кепиллик берген ўағында.

---

**Юнус Әмире*—ертеде өткен түрк халық шаиыры.
**Асли Керам*—ашықлық қыссасы

Бүлбил сайрар қонып гүл шақасына,
Қумай қус саясын салар басына.
Хүрдин қызы атлар босағасынан,
Жигиттиң дәўлети жүрген ўағында.

Ығбал жулдызыңыз туўса тең болып,
Жаслық, шадлық өрисиңиз кең болып,
Бириң—Ғәриб, бириң—Шахсәнем болып,
Сүриңлер дәўранды, келген ўағында.

Ашық Мехмет айтар, әзиз қардашым,
Сизге қурбан болсын бул мениң басым.
Шадлық хәм мухаббат болып жолдасың,
Көзи қызсын журтлар көрген ўағында».

## ТӨРТИНШИ БӨЛИМ

### 1

Тои тарқады. Күнлер өтти арадан,
Машқаласы менен кетти хәр адам.
Мехмет бийдиң фабрикасында инженер,
Котдеж алып берди оған қаладан.

Бир мийримли кемпир үйге қарайды,
«Не жейсең, не ишесең» деп сорайды.
Инженерге узақ күнге жумыс көп,
Жас қәниге жәмәәтке унайды.

Исмет бул қаладан «пахта банк» ашты,
Еки дос бир-бирин баўырына басты.
«Исбилермен болып жетилсин баллар»
Деп бий нийет етип, кеўили тасты.

Жумыс өз жөнине, жас кеўил басқа,
Үмитсиз ышқыға күйгендей босқа.
Мехмет базда уйқысырап түнлерде,
«Жанна!» деп бақырар, буўлығып жасқа.



Көзин жумса болды, оны көреди,
Мәжнүн болып сандыраклап жүреди.
«Сен де сол үй баласысаң, қой кеўлим»
Деп өзине тәселле де береди.

Айланып келгенде жеме-жемеге,
Аўзы бармас «қызыңды бер» демеге.
Мухаббаттың теңизинде даўылда
Алжасып мингендей бөтен кемеге.

Жойткандай болды өз сабыр-тақатын,
Ақбулақта берген Жаннаның хатын
Хәм өзиниң оған жазған жуўабын
Қайта-қайта оқыр, таўып пурсатын:

### Жаннаның хаты

Сум пәлек биз бенен ойынға түсер,
Ойнамайын десем, қыя алмадым.
Журтлар бул дүньяны жүдә кең десер,
Мен сол кең дүньяға сыя алмадым.

Шыбықлай сындырып отларға салды,
Жанар ўақта және қутқарып алды.
Мен ушын бийгүна бир бенде жанды,
Нәрестелик есим жыя алмадым.

Гүл боласаң деди, гүлдей жайнадым,
Қыз баласаң деди, әдеп сақладым.
Журтқа жақтым, жазмышыма жақпадым,
Не жазығым барын туя алмадым.

Арзыў-әрманымның қайғы-әлемин
Кеўил дәптериме жазар қәлемим.
Сол айтқан мухаббат деген бәлениң
Дийдарын бир көрип, тоя алмадым.

Жаслық гүлшанында гүллер ашылды,
Заг ийелеп. бүлбил қусты қашырды
Жанна дер, саўдаға түскен басымды
Әжел дастығына қоя алмадым.

**Меҳметтиң хаты**

Сум пәлек кимлерге жәбир қылмаған,
Буннан бетеринен сақласын, дилбар.
Жасаў—бендесинен, жүрим—алладан,
Тәгдир қырын қарап бақпасын, дилбар.

Қандай гүл болғаның аяндур маған,
Бүлбиллер ғабырысты сайраўларынан.
Жанымды егеўлер арзыўлы әрман,
Менин саган деген ықласым, дилбар.

Мийирманлық еткен биз гәрип ўақта,
Бийик сақаўатлы бул шаңаракка
Қыянет болар деп, жүгиндим сакка,
Бендеси ҳақ жолдан шықпасын, дилбар.

Перзентиндей болдым сен туўган үйдиң,
Жақсылығын көрдим, есимди жыйдым.
Мен сени жанымның ишинде сүйдим,
Төздим жанды қанша жақпасын, дилбар.

Көрдим тал астында алтын бесигиң,
Тәгдир кимге жазса, қосар несибиң.
Меҳмет айтар, ығбалыннын есигин
Қайтып қайғы-уўайым қақпасын, дилбар.

**2**

Нурулла бий пайғамбар жас көргенде,
Дәстүр саклап, мерекесин бергенде,
Мехмет, Жанна ийин косып ийинге,
Хызмет қылып жүргенин журт көргенде,—



Ким мақуллап, кимлер оған таңланып,
Жүзлеринен көз карасы анланып,
«Қалпақ молла»ға уйыған ғаррылар,
Ғаўқылдасты дуўа қылып, қуўанып

«Қызын берди кaңгып келген биреўге».
Деп мурнын жыйырып жаңа күйеўге,
Жыр шығармақ болғанлар да табылды,
Ағайинсип арга аяқ тиреўге.

Сонда бийдиң мерекелес жорасы,
Кәтқуда түрк—елдиң сыйлы агасы,
Күлимсиреп сыйпап гүмис сақалын,
Иске салды озық ақыл-санасын:

«—Сөзимиз жок түркий ифтиқарына,*
Шапқаның дурыс агайиннин арына.
Бирақ өйтип кен пейилди тарайтып,
Гина тақпаң бәлент таўдың қарына.

Түрк халқының түбири бир улыстан,
Бизге әзиз ата журты Түркстан.
Қуўдалассаң қан-қардашқа табысып,
Жатырқассаң жат болады туўысқан.

Бәҳәр келсе ғазлар көлге қайтқандай,
Заман турқы қатнасықты жойтқандай
Түсинген түрк Хожа Аҳмет пир ҳикметин,
«Бөркин жерге қояр» өзи айтқандай.

Тарийх ҳәм шежире жазбас жубайын,
Мен сизлерге бир ғозасын шағайын:
Өзимиздиң Огузханның әўлады,
Қарақалпақ алыстагы ағайин.

---

*_**Ифтиқар**_ — мақтаныш

Дүнья иси бәрха тегис болмаған,
Барлық жағын шым-шытырық торлаған.
Талайы терис келип, қақса қапынды,
«Келгинди» деп, ағайинди қорламан.

Тәғдир дәрьясының дегиш ойнағы,
Ойда жоқ ислерге шатар бендесин.
Кимлер парша тонның шалғайын қағып,
Бир мәҳәлде кийер дәрўиш жендесин...»

Меҳмет күйеў бала, қасында Жанна,
Әжайып хош сезим жуўырып қанға,
Тәжим етип, қол қуўсырып екеўи,
Турды келип жәмәәттиң алдында.

Кәтқудалық сөз мақсетке еристи,
Тар қыснақтан кеңейткендей өристи.
«Қалпақ молла»ға уйыған ғаррылар,
Ғаўқылдасып пәтиясын бериcти.

Көптиң кеўли мириўбетке табар жол,
Тебирендирди жым отырған бийди ол.
«Бәракалла!» деп хошлаўлар астында,
Еки жастың маңлайынан сүйди ол.

Ырза болып бул түсимпаз журтынан,
Исмет отыр күлимсиреп муртынан.
(Сол еди ғой дәнекери бул истиң,
Көзге тийгиш терис путағын шырпыған.

Сол еди ғой үгитлеп бий әкесин,
Қуўатлап кем кеўил Жанна үкесин,
Өр көкирек ағайинди өңменлеп,
Қыйдырған сол еки жастың некесин).

Келген сыйлы қонақлардың ишинде,
Арыў отыр қудағайлық пишимде.



Жаўлық ушы менен сүртип көз жасын,
Елжирейди, қуўанғандай түсинде...

Ай-ҳай шайырлықтың Илҳам периси!
Қысса питсе питетуғын жер усы.
«Сөйтип мурат-мақсетине жетипти»,
Деп питпей ме қыссалардың көбиси.

Биз де сөйтип аяқласақ ақырын,
«Уҳ» деп қояр еди шайыр пақырын.
Сен де кетер едиң Парнас таўыңа,
Тынышыңды алмас едим шақырып...

## БӘНТБАСАР

*эпилог*

Айланды тарийхтың шарқыпәлеги,
Қүдиретли бир империя жүреги
Соғыўдан тоқтады. Тапты қозғалаң,
Миллетлердиң «басқа шығыў» тилеги.

Уйтқып еркинликтиң самалы ести,
Ҳәр ел бийгәрезлик түсаўын кести
Ҳәмме журт базарлап дүнья базарын,
Жатыркаўық дәўир арадан кешти.

Жатсырағыш болса инсан, сиясат,
Изинде өзине келтирер апат.
Сол айтқандай, Орай деген «әкемиз»
Қатты қоллы, менмен болды бийинсап.

Азаплап аз санлы халықларды талай,
Ата мәканынан қуўды аямай
Әсиресе түрки тиллес ел болсаң,
Жақтырмады жаўдан болған баладай.

Түркиядан ушып келсе қус болып,
КГБ-ның дузағына дус болып...
Қатнастырмай қойды. Несин аитасаң...
Қалды бәри көрген жаман түс болып.

Түркстанды жайлап ғәрезсиз еллер,
Өз намасы менен сайрады тиллер.
Қанына тартпаған халықты көрмедим,
Табысты жатласып кеткен кеўиллер.

Жатыркаскан жанлар жақын бул күнде
Еки түрк жигити отыр төримде.
Қызықлы ушырасыў өткизди олар,
Бүгин Нөкистеги түрк лицейинде.

Алыс Түркияның бул жигитлери,
«Язекс текстайл»* инженерлери.
Италиядан тоқыў станокларын
Тасып жүрди бунда бираздан бери.

Жаңа заман жабық жолды ашқанда,
Олар келип Қарақалпақстанға,
«Катекс», «Элтекс» фабрикаларын,
Қурыуға қатнасқан Нөкис, Бостанда.

Қурылыста жүрип Тоўфиқ хәм Кемаль,
Қарақалпақ тилин үйренген олар.
Тоўфиқ айтар:—түбимиз бир туўысқан,
Сөз бар «ат айланып, қазығын табар».

Ат деген ақыллы хайўан, жаныўар
Деп муртынан күлип, достына қарар.
—Мына Кемаль бейдиң қан тамырында
Қарақалпақ, түрк, француз қаны бар...

Хәмме қол шаппатлап, хайран қалысты,
«Айтып берсин» десип, сораў салысты.



Кемаль әкесинен еситкенлерин,
Аитып берди барлап жақын-алысты.

—«Арқа бетте Қусхананың таўы бар,
Бәхәр болса сона, шыбын жаўы бар.
Адам билмес акбаслыкта жатырмыз.
Керек болса, өзиң излеп таўып ал».

Бул қосықты айтқан бала ўагында,
Сақлаўлы жүр әкемиздиң ядында.
Базда сазға салып намасы менен,
Айтып берер үйде ақлықларына.

«Өзим излеп таўып алып» жақында,
Болғаным бар сол Қусхана таўында.
Ертеде суў болмай, ел көшип кеткен,
Салыкешлер жасар жаңа аўылда.

Бир ғарры табылды мениң бахтыма,
Атамыз Абсамед ахун хаққында,
Айтып берди кексе жагы кемсеңлеп,
Бирге ойнап өскен бала ўақтында.

Қайтар жолым түсти және Шымбаиға,
Яр-дослар көбейер екен бундайда.
Сүйегине атын жазып әкемниң,
Дуўтар сыйлық етти жигитлер сонда.

Нурулла бей әфандиге арнаган
Хасыл сур териден папах, зер шапан.
Жигит хәм қызлары Елликқаланын
Сәлем-саўға десип тапсырды маған...

*2003-жыл*

## МАЗМУНЫ


Еки сөз ... 3
Төриликлер ... 4
Доллар ... 6
«Еркин базар» ... 8
Әмиўдәрья ... 11
Кегейли бойында ... 14
Исбилерменлерге ... 16
Көринер болын ... 20
Аўылдағы кеш ... 20
Сахра гүли ... 23
Ҳәр кимнин өз заманы бар ... 24
Шаиыр *А. Ариповқа* ... 27
Сопрано *С. Қабуловаға* ... 29
Патша ҳәм шайыр ... 31
Ҳәр китабын бир қызықлы шежире *Ж. Муратбаевқа* ... 33
Арасатлы гүз ... 35
Расул Гамзатовтын естелигине ... 35
Еки сегизлик *Р. Гамзатовтан* ... 36
Еки жол ... 37
Жақсы ҳаялларға жас минген сайын ... 38
Бул самалдын еспейтуғын жери жоқ ... 39
Уллы бабамыздын руўхы шад болғай ... 41
Мен муғаллим деген халықты сүйемен ... 42
Аллергия *Т. Ещановқа* ... 44
Шайтаннын шағымы ... 46
Өмир алданбайды адамнан бирақ ... 49
Пегас ... 50
Компьютер заманынын муғаллимлерине ... 52
Шайыр Тенелбайға ... 54
Бартер ... 55
Ашықлық пенен көп ойнама, бала! ... 55
Еки қатын сөйлескенде ... 56
Помада ... 57





Қара көйлек ишинде ... 58
Музейде ... 58
Ертедеги қойын дәптерден ... 60
    Изимбет ағанын шылым менен хошласыўы ... 60
    Жетпис сенин жезден емес *Абдулла Бекмановқа* ... 62
    Дос ҳәзили ... 63
Әжиниздын әрманлары ... 65
    1. Жанға тийди журттын ғаремет сөзи ... 65
    2. Сулыўлар ышқында бәрҳә күйдирип ... 66
    3. Ырым ... 66
    4. Келген болды ма ... 67
Қулпытастағы жазыўлар ... 68
Ўатан топырағы *(қысса)* ... 74

*Ибрайым ЮСУПОВ*

**ҲӘР КИМНИҢ ӨЗ ЗАМАНЫ БАР**

*Қарақалпақ тилинде*
*«Қарақалпақстан» баспасы*
*Нөкис 2004*

| | |
|---|---|
| Бас редактор | *Жийенбай Избасқанов* |
| Редактор | *Гүлжаҳан Тажетдинова* |
| Художник | *Исмайыл Қыдыров* |
| Техредактор | *Турсынбай Өтегенов* |
| Корректор | *Арзыхан Аташева* |
| Форматлаған | *Бахыт Нурыллаев* |

ИБ № 6121

Териўге берилген ўақты 20.11.2003. Басыўға рухсат етилген ўақты 11.02.2004. Қағаз форматы 84 х 108 1/32 Гарнитурасы «Таймс». Офсет усылында басылды. Көлеми 3,75 баспа табақ. 6,3 шәртли баспа табақ. 3,87 есап баспа табақ. Жәми 1000 нусқада. Буйыртпа № 211. Бахасы шәртнама бойынша.

«Қарақалпақстан» баспасы,
*742000, Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*

Қарақалпақстан Республикасы
Баспа сөз ҳәм хабар агентлигинин
Нөкис полиграфкомбинаты
*742000. Нөкис, Қарақалпақстан көшеси №9*